# Даниял
# аварагасул тIехь

# Даниял аварагасул тӀехь

Аллагьасул Калима таржама гьабиялъул институт
Москва, 2023

# Даниял аварагасул тIехь

Электронияб форматалда гьаб тIехь
нужеда батила Аллагьасул Калима таржама
гьабиялъул институталъул сайталда:
https://ibt.org.ru/ru/ media?id=AVR

ISBN 978-5-93943-323-5
© Институт перевода Библии, 2023

# ЦеберагIи

Даниял аварагасул тIехьалда бицунеб буго гIолохъанав ягьудияв Даниялил гIумруялъул ва гьесие загьирлъарал хIикмалъабазул хIакъалъулъ.

Цебесеб эраялъул 605 соналъ цогидал ягьудиялгун цадахъ Вавилоналде асирлъуде ккана Даниял, Иерусалим щущахъ базабилалде къого соналъ цебе (Дан. 1:1-2). Аллагьасде иман лъеялъ, Даниял Вавилоналъул ва Персиялъул пачалихъазул идарабазда тIадегIанал хъулухъазде вахана (1:19; 2:48; 5:29; 6:1-3, 28). Аллагьас гьесие гъваридал балъголъаби тIатинарулаан, букIинесебги ахир заманалда ккезе бугебги загьир гьабулаан ва асирлъиялъул апараглъуда ругел гIизраилазул ракI батизабулаан гьес (8:17; 10:14; 12:4).

Нилъер заманалде щвезегIан цIунун хутIарал Персиялъул некIсиял хъвай-хъвагIаязда ратарал къо-моцIазул баяназда рекъон, нилъеда дурусго чIезабизе кIола гьаб тIехьалда жидер хIакъалъулъ бицен гьабулел ругел лъугьа-бахъинал ккараб заман ва гьанжесеб календаралда данде ккезе кIола гьезул къо-моцIги соналги.

Даниял ккола Йирмиягь аварагасулги Езекиэл аварагасулги заманалъул чи. Цебесеб эраялъул 538 соналъ, жеги Даниял чIаго вугеб заманалдаго, асирлъиялъул апараглъуда рукIарал ягьудиязул тIоцебесеб бутIа ватIаналде тIад буссана.

Даниялица бана ункъого сон (1:21; 10:4).

ТIехьалъул аслияб пикру буго тIолабго дуниял Бичасул кверщаликь бугин ва Гьесул кверщеллъи тIолалго халкъазда тIад тIибитIараб бугин абураб (2:44; 4:31-32; 5:21). ТIехьалъул тIоцебесеб бутIаялда (бетI. 1–6), Даниялги мисалалъе вачун, бицунеб буго мунагьазукь къараб дунялалдацин чиякъго хутIарав инсанасда Бичасе гIибадат гьабизе ва Гьесие мутIигIго чIезе кIвеялъул хIакъалъулъ (2:47; 4:34). Гьединго тIехьалда бицунеб буго Жиндирго халкъалдехун БетIергьанасул бугеб ритIухъаб бербалагьиялъул ва, балагьалъукье ккедал, Гьев гьезие хIалае вахъунев вукIиналъул хIакъалъулъ (2:18-19; 3:28; 6:22).

ТIехьалъул кIиабилеб бутIаялда (бетI. 7–12) гъорлъе уна Даниялие загьирлъарал гIаламатал. Гьенир гIемер ратула, доб заманалъул диниял тIахьазе ва вагIзабазе хасиятал, ахир заманалда хурхарал хIикматиял сипат-суратал. Гьел гIаламатаз ва хIикматиял сипат-суратаз цебеккунго бицунеб буго Бичасул парччахIлъиялда данде чIаразе ахиралда букIине бугеб жазаялъул, ва инсанияталъул тарихалда жаниб гьеб парччахIлъи тIадеялдаса тIаде цебетIолеб букIиналъул хIакъалъулъ.

### *ТIехьалда буго*

Даниял ва гьесул гьалмагъзаби Вавилоналда (1:1–6:28)

Даниял ва гьесул гьалмагъзаби пачаясул кIалгIаялда (1:1-21)

Даниялица Навуходоносорил макьу къотIи (2:1-49)

Даниялил лъабавго гьалмагъ цIадул коронире рехи (3:1-30)

Даниялица Навуходоносорил кIиабилеб макьу къотIи; гьеб макьу ритIухълъи ва пачаяс тавбу гьаби (3:31–4:34)

Белшацарие Бичасул жаза (5:1-31)

Даниял гъалбацIазул рукIниве рехи (6:1-28)

Даниялие Бичасул балъголъаби загьирлъи (7:1–12:13)

Ункъо жанаваралъул хIакъалъулъ макьу (7:1-28)

Куйдул ва дагIнил сипатал цере тIами ва гьелъул магIна (8:1-27)

Даниялил дугIа. Лъабкъоялда анцIго анкьил магIна (9:1-27)

ГIизраилалъул букIинеселда хурхун Даниялие рагьараб тIарамагъадисеб балъголъи (10:1–12:13)

# Даниял аварагасул тIехь

## *Даниял ва гьесул гьалмагъзаби Вавилоналъул кIалгIаялда*

1 [1] Егьояким Ягьудиялъул пачалъун вахъун лъабаби-
леб соналъ*, Вавилоналъул пача Навуходоносорица**
Иерусалималде тIаде гьужум гьабуна ва шагьар сверун
ккуна. [2] БетIергьанас Ягьудиялъул пача Егьоякимги Ал-
лагьасул Рукъалъул гIемерисел тIагIелалги гьесул ихти-
ялде кьун тана. Навуходоносорица Шинар*** улкаялде
росун ана гьел тIагIелал ва жиндирго аллагьзабазул
рокъор хазина цIунулеб бакIалда лъуна.
[3] Вавилоналъул пачаяс жиндирго чукъбузул бетIер
Ашпеназие буюрана пачабазул тухум-кьибилалъул ва
чIухIби-хIакимзабазул хъизаназда гьоркьоса чанго гIизра-
илав тIаса вищеян [4] – щибгIаги гIузру гьечIел, гьайбатаб
сипаталъул, цIали-хъваялъе ва гIелмуялъе гьунар бугел,
пачаясул кIалгIаялда хъулухъалъ рукIине санагIатал

---

* 1:1 *Цебесеб эраялъул 605 с.*

** 1:1 *Навуходоносор* – гьев ккола Навуходоносор КIиабилев, ЦIияб Вавилоналъул империялъул бищун кутакав пача. Гьесул пачалъиялъул заман: цебесеб эраялъул 605-562 сс.

*** 1:2 *Шинар* – гьеб ккола Вавилон.

гIадал. Гьезда вавилониязул мацI ва гьезул адабият ма-
лъеян лъазабуна. 5 Пачаяс буюрана тIаса рищарал гIоли-
лазе щибаб къоялъ жиндицаго кваналеб гIадаб квен-тIех
ва тIаса бищараб чагъир кьеян. Лъабго соналъ гIелмуги
малъун, хадур гьел жинда цере рачеян лъазабуна гьес.

6 Гьезда гьоркьор рукIана Даниял, Хананиягь, Миша-
эл ва Азариягь – киналгоги Ягьудал къавмалъул васал.
7 Ашпеназица цIарал хисун, Даниялида – Белтешацар,
Хананиягьида – Шадрах, Мишаэлида – Мешах, Аза-
риягьида Авед-Него абун цIарал лъуна.

8 Амма Даниялица хIукму гьабуна кинаб батаниги
хъубаб кванда жиндица кIал хъваларин* – я пачая-
сул квен кваналарин, я гьесул чагъир гьекъеларин.
Цинги гьес Ашпеназида гьарана динияб къануналда
рекъон жив хъублъизавулеб квен кваначIого тезе изну
кьеян. 9 Аллагьас Ашпеназил рекIелъ Даниялидехун
гурхIел-рахIму батизабуна, 10 ва гьес Даниялида абуна:
«Дун дир бетIерчIахъаяв пачаясукьа хIинкъула; гьес
жиндицаголъидал бихьизабун бугеб нужеца кваназе
кколебги гьекъезе кколебги. Цогидазда данде ккун,
нуж хIалакъго ругеблъи гьесда бихьани, щиб цинги
гьабилеб? Нуж сабаблъун пачаяс дир бетIер къотIи-
лагури!»

11 Гьебмехалъ Ашпеназица Хананиягьил, Мишаэлил,
Азариягьил ва жиндирго тIалаб-агъаз гьабизе тарав чи-
ясда кIалъана Даниял:

---

* 1:8 Пачаясул кванда кIал хъваларин ва гьеб сабаблъун живго хъублъизе виччаларин Даниялица хIукму гьабиялъе гIилла букIун батизе бегьула гьеб гьересиаллагьзабазе къурбан гьабураб квен букIанин абураб.

12 «Бегьулеб батани, нижер, дур лагъзадерил, хIалби-
хьи гьабе: нижее цохIо лъимги пастIаналъул нигIматги
гурони кваназе кьоге анцIго къоялъ. 13 Хадуб нижер гьу-
мер пачаясул квен-тIех кваналел гIолилазулалда данде
ккве. Дудаго бичIчIила цинги дурго лагъзадерие щиб
гьабизе кколебали».

14 Ашпеназ гьелда разилъана, ва гьезул хIалбихьи
гьабиялъе анцIго къо цIана. 15 АнцIго къо ун хадуб, па-
чаясул квен кваналезулалдасаги гьезул гьурмал жанир
цIун берцинлъун ратана. 16 Гьелдаса хадуб гьезие босун
бачIараб пачаясул квенги чагъирги нахъе босулаан гьев
чияс, ва гьелъул бакIалда гьезие пастIаналъул нигIмат
кьолаан.

17 Ункъавго васасе гъваридаб лъай-гIакълуги, гIелму
босизе пагьмуги кьуна БетIергьанас. Даниялие, гьелда
тIадеги, макьаби къотIизе, балъголъаби рихьизе ва гьезул
магIна бичIчIизе рекIел цIодорлъиги кьуна.

18 Пачаяс цIараб заман рагIалде щведал, Ашпеназица
гьел Навуходоносорида цере рачана. 19 Пача гьелгун га-
ра-чIварана ва гьесда бихьана киналго васазда гьоркьоб,
гIелму-лъаялъул рахъалъ, Даниялида, Хананиягьида,
Мишаэлида ва Азариягьида бащадав щивго гьечIолъи.
Гьединлъидал, гьел тIаса рищана пачаясул хъулухъалъе.
20 Щибаб суалалда хурхунги, сундул хIакъалъулъ пачаяс
цIеханиги, гьезул гIакълу-лъай ва бичIчIи буголъи анцIго
нухалъ цIикIкIараб букIана пачалихъалда ругел тIолалго
балъголъи лъалел чагIазда ва сихIручагIазда данде ккун.

21 Ханасул кIалгIаялда хъулухъчилъун Даниял вукIа-
на Кир пачалъун вахъун тIоцебесеб соналде щвезегIан*.

* 1:21 *Цебесеб эраялъул 538 с.*

### *Навуходоносорил макьу*

**2** 1 Пачалъун вахъун кIиабилеб соналъ Навуходоно-
сорида* хIикматал макьаби рихьана; гьел макьабаз
гьесул рахIат хвезабуна ва макьу тIуризабуна. 2 Цинги
пачаяс буюрана тIолалго балъголъи лъалел чагIиги,
сихIручагIиги, палихъабиги, гIакълучагIиги жиндихъе
ахIеян, гьез жиндир макьу къотIизе абун. Гьел киналго
пачаясда цере эхетана. 3 Пачаяс абуна: «Кутакалда рахIат
хвезабураб макьу бихьун буго дида; гьелъул магIна лъазе
бокьун буго дие», – ян.

4 ГIакълучагIи кIалъана пачаясда арамеязул мацIалда**:
«БетIерчIахъаяв пача, дур гIумру халалъаяв! Нижеда, дур
лагъзадерида, бице гьеб макьу. Цинги нижеца бицина
дуда гьелъул магIна», – ян.

5 Пачаяс гIакълучагIазе жаваб кьуна: «Гьале дир амру!
Нужеца дида бихьараб макьу бицинчIони ва гьеб ма-
кьуги къотIичIони, нужгоги къотI-къотIун ран, нужер
мина-къайги щущахъ биххизабизе буго.

6 Амма нужеца дида бихьараб макьуги бицани ва
гьеб макьуги битIун къотIани, нужее дир рахъалъан
сайгъаталги, шапакъаталги ва кIудияб адаб-хIурматги
букIине буго. Гьанже бице доб дида бихьараб макьуги
ва гьелъул магIнаги».

7 Гьез нахъеги абуна: «БетIерчIахъаяв пача, бицеха
нижеда, дур лагъзадерида, щиб макьилъ бихьарабали,
цинги нижецаги бицина гьелъул магIна», – ян.

* 2:1 *Цебесеб эраялъул 603 с.*

** 2:4 Гьаб бакIалдаса бахъараб анкьабилеб бетIералъул ахиралде щвезегIан гьаб тIехь хъван буго арамеязул мацIалда.

8 Пачаяс жаваб кьуна: «Гьеле, дида ракIчIун бихьулеб
буго, нужеца заман цIалеб букIин. Нужеда лъалелъул
дир къотIи щулияб букIин.

9 Дир макьу бицинчIони, нужее тамихI букIине буге-
лъул. Гьединлъидал, гьерсалги рицун дун махсароде ккквезе
къеркьолел руго нуж, гьалъул хиса-баси ккезе бегьулин
хьулазда. Бице дида макьу, гьебмехалъ божила дунги ну-
жехъ гьелъул магIна гьабизе гIураб гьунар букIиналда».

10 ГIакълучагIаз пачаясда абуна: «Гьаб дунялалъул
рокъоб цониги чиясда бажарулеб жо гуро нижедаса па-
чаяс тIалаб гьабулеб бугеб жо. Цониги пачаяс киданиги
цIехечIо гьединаб жо балъголъи лъалел чагIазда, сихI-
ручагIазда ва гIакълучагIазда.

11 Кутакалда захIматаб суал кьолеб буго пачаяс. Ал-
лагьзабазда гурони гьелъие жаваб лъаларо, амма гьел
инсаниябалъул дунялалда рукIунаро».

12 Гьел рагIабаз пачаясул кутакалда ццин гьалаглъи-
забуна, ва тIолалго Вавилоналъул гIакъилзаби чIваян
буюрухъ кьуна гьес. 13 ТIолалго гIакъилзаби чIваян абураб
пачаясул буюрухъ къватIибе бахъана. Гьединго Дания-
лида ва гьесул гьалмагъзабазда хадурги, гьелги чIвазе,
чагIи ритIун ана.

14 Амма Вавилоналъул гIакъилзаби чIвазе витIарав
пачаясул рорчIухъабазул бетIер Ариохида берцинаб ка-
лам гьабун кIалъана Даниял. 15 Даниялица Ариохида
цIехана: «Пачаясул кIудияв хIаким! Щай пачаяс гьеди-
гIан гIасияб буюрухъ кьураб?» – ин. Ариохица ккараб
жо бицана гьесда.

16 Гьебмехалъ Даниял пачаясухъе вилълъана ва пача-
ясул макьуги лъазе гьелъул магIнаги къотIизе жиндие
заман кьеян гьарана.

17 Гьениса рокъове щведал, гьес гьеб кинабго жин-
дирго гьудулзабазда, ай, Хананиягьида, Мишаэлида
ва Азариягьида бицана. 18 Жидеда гурхIел-рахIму
гьабун гьеб балъголъи тIатинабеян зобалазул Алла-
гьасда гьареян абуна Даниялица гьудулзабазда, Ва-
вилоналъул цогидал гIакъилзабигун цадахъ жалгоги
чIвачIого хутIизе. 19 Къаси сардилъ гьеб балъголъи
Даниялие загьирлъана – кинабго гьесда цебе тIа-
муна. Гьебмехалъ Даниялица Зобалазул Аллагьасе
рецц гьабун,
20 гьадинаб дугIа гьабуна:

«Абадул абадиялъего Аллагьасе рецц!
Гьесулъ бугелъул гIакълуги къуватги.
21 Заманги гIасрабиги Гьес хисизарула;
пачазаби тахиде рахинарула ва гъоркьеги
рехула;
гIакъилазе гIакълу кьола,
цIодоразе – лъай щола;
22 Гьес балъголъиялъул тIину тIатинабула,
бецIлъиялъукь тIупарабги Гьесда лъала.
Канлъиялъул хIубилъунги Гьев вуго.
23 Дир умумузул Аллагь, дица Дуе рецц гьабула,
Дуца дие гIакълуги къуватги кьуна!
Нижеца Дуда гьарарабщинаб Дуца дие
тIатинабуна.
Пачаясул суалалъе жаваб Дуца загьир гьабуна».

24 Цинги пачаяс Вавилоналъул гIакъилзаби чIвазе
витIун вукIарав Ариохихъе вилълъана Даниял ва гьес-
да кIалъана: «Вавилоналъул гIакъилзаби чIваге! Дун

пачаясухъе ваче, дица бицина гьесда бихьараб макьуги
гьелъул магІнаги».
25 ГьебсагІаталдаго Ариохица Данияд пачаясухъе
вачана ва пачаясда бицана: «Дида цо чи ватана Ягьуди-
ялдаса гьанире гочинарурал асирзабазда гьоркьов. Гьес
пачаясул макьу къотІизе буго», – ян.
26 Гьебмехалъ пача Даниялида кІалъана (гьевго Белте-
шацар): «Дуда унго-унголъунги кІолебищ дида бихьараб
макьу бицине, гьелъул магІнаги загьир гьабизе?»
27 Даниялица пачаясе жаваб кьуна: «Пачаяс цІехолеб
балъголъи тІатине кІоларо, я гІакъилзабазда, я сихІру-
чагІазда, я балъголъи лъалел чагІазда, я нужумчагІазда.
28 Амма балъголъаби загьир гьарулев Аллагь зобала-
зда вуго! Гьесин Навуходоносор пачаясда бихьизабураб
гьаб дунялалъул ахиралда букІине бугебги.
Гьале мун къаси кьижун вукІаго дуда бихьараб макьу.
29 Кьижизе вегарав чи, букІинеселъул хивалазда вукІа-
на мун. Цинги балъголъи Рагьулес букІинесеб бихьиза-
буна дуда. 30 Дие гьеб балъголъи тІатана дун цогидаздаса
гІакъилав вукІиналъ гуреб, амма дуда, дир пача, гьелъул
магІна лъан букІине ва дур рахІат хвезабураб жо дудаго
бичІчІун букІине.
31 Дир пача, гьале дуда бихьараб макьу: дуда бихьа-
на тІаде балагьизе хІинкъараб, залимаб, берал бецц-
лъизарулеб хІалалъ паркъолеб, цебе эхетараб кІудияб
сипат-сурат*. 32 Гьелъул бетІер букІана бацІцІадаб ме-
седил, керенги квералги – гІарцул, чехьги мачІабиги –
мазгарул, 33 бохдул – маххул, хІатІал – бакІбакІалдаса
маххул, бакІбакІалдаса хІатІул. 34 Мун валагьун вукІаго,

* 3:1 *Сипат-сурат* – статуя-идол.



Дан. 2:31-33 Навуходоносор пачаясда
макьилъ бихьараб сипат-сурат

инсанасул квер хъвачIого кьурдаса батIалъараб гамачI,
бащдал хIатIул бащдал маххул гьарурал хIатIазда тIад
речIчIана, ва гьел щущазаруна. [35] Гьебмехалъ хIатIги,
мазгарги, гIарацги, меседги цадахъ, риидал гьоцIиб чIахI
гIадин, щущахъ биххун ана. РукIараб бакIцин хутIичIо-
го гьороца хъамун ана гьел. Гьеб сипат-сураталда тIад
речIчIараб гамачIин абуни, кIудияб мегIералде сверана
ва гьелъ тIолабго дунял цIезабуна.

[36] Гьеле макьу. Гьанже гьелъул магIнаги бицинин.
[37] Мун вуго пачабазулги пача. Пачалъиги, гучлъиги,
къуватги ва цIар-реццги дуе кьун буго Зобалазул Алла-
гьас. [38] Дур ихтияралде кьун буго инсаниятго, гIалхул
жанаварал ва зобалазул хIанчIи. Гьел кир ратаниги, Гьес
гьезда тIад пачалъунги мун тун вуго. Мунин кколев гьеб
меседил бетIер.

[39] Мун ун хадуб бижила цIияб пачалихъ, амма дур
гIадаб кIудияб букIинаро гьеб. Гьелдасаги хадуб лъаба-
билеб, мазгарул пачалихъ бижила – тIолабго дунялалъул
кверщеллъиги гьелъухъ букIина. [40] Ункъабилеб пачалихъ
букIина маххгIан щулияб. Маххуца щибгоги гъурулеб
гIадин, гьелъги гъура-чункила киналго хутIанщинал.
[41] Гьединго дуда бихьана хIатIал ва хIатIил килщал
бащдал маххул бащдал хIатIул рукIин – гьединлъидал
гьеб пачалихълъиги букIина кIийиде бикьараб. Маххул
къуватги букIина гьелъулъ, гьединлъидалин дуда бихьа-
раб маххги хIатIги цадахъ. [42] Гьел хIатIал бащдал маххул
бащдал хIатIул рукIиналъул магIнаги ккола – гьеб пача-
лихъ цо рахъалъ къвакIараб, цогидаб рахъалъ загIипаб
букIин. [43] Махх хIатIгун жубан букIин дуда бихьараб
гIадин, гьелъул халкъги букIина жубараб, амма цолъун
бажарулареб, маххгун хIатI цолъуларебго гIадин.

44 Гьел пачабазул заманалда Зобалазул Аллагьас аба-
дияб, гучаб ва цогидал халкъазда жидерго кверщаликье
ккезабизе кIолареб пачалихъ бижизабизе буго. Гьелъ
гъуризе ва щущазаризе руго гьел киналго пачалихъал,
жибгойин абуни абадиялъего щулалъизе буго. 45 Гьедин-
лъидалин дуда бихьараб жибго жиндаго къурдаса бекун
бачIун гамачI батIалъулеб ва маххги, мазгарги, хIатIги,
гIарацги, меседги гьелъ щущазабулеб.
Гьедин, Къудратав Аллагьас букIинесеб бихьизабун
буго пачаясда. Гьеб макьуги хIакъаб, гьелъул магIнаги
битIараб буго».
46 Гьебмехалда Навуходоносор Даниялие наку чIван
къулана, ва гьесда цере гьуинал махIал рухIеян, гьесие
сайгъаталги росеян буюрана.
47 Пачаяс Даниялида абуна: «Унго-унголъунги нужер
Аллагь вуго аллагьзабазулги Аллагь, пачабазулги Бе-
тIергьан, балъголъаби Рагьулев – гьаб балъголъи загьир
гьабизе духъа бажарун бугелъул!»
48 Гьелдаса хадуб пачаяс Даниял тIадегIан гьавуна,
гьесие гIемерал къиматал сайгъаталги кьуна. ТIолабго
Вавилоналда тIад бищун кIудиявлъун ва киналго гIа-
къилзабазул бетIерлъун тана гьев. 49 Даниялил гьариялда
рекъон, пачаяс Шадрахги, Мешахги, Авед-Негоги тана
Вавилон пачалихъ нухда бачиналъул хIалтIабазда, живго
Даниялин абуни, пачаясул кIалгIаялда чIана.

### *Даниялил гьудулзаби цIадул коронире рехи*

3 1 Навуходоносор пачаяс буюрухъ кьуна лъабкъого
натIалъ борхатаб, анлъго натIалъ гIебаб меседил
сипат-сурат гьабеян ва гьеб Вавилоналда бугеб Дура
абулеб расалъиялда эхетеян. 2 Цинги Навуходоносорица

ахIана тIолалго сардарал, шагьаразул бутIрул, вазирза-
би, гIакълучагIи, пачаясул хазиначагIи, диванчагIи ва
вилаятазул чIухIби-хIакимзаби гьеб сипат-сурат кIо-
до гьабизе. 3 Сардарал, шагьаразул бутIрул, вазирзаби,
гIакълучагIи, хазиначагIи, диванчагIи ва вилаятазул
чIухIби-хIакимзаби Навуходоносорил сипат-сураталда
цере эхетидал,

4 гIакIа ахIулев чияс киназдаго рагIун абуна: «ТIо-
лалго халкъал, къавмал ва киналго гIадамал, гIенекке
гьанире!

5 Нужеда суралъул, швантIихалъул, лалуялъул, ли-
раялъул, арфаялъул, къолол ва цогидал музыкалиял
алатазул гьаракь рагIидал, Навуходоносорил меседил
сипат-сураталда цере накабазде ккун гьесие сужда гьабе
нужеца! 6 Гьедин гьабизе инкар гьабуравщинав вехъер-
хъун вачун боркьараб корониве рехизе вуго!»

7 Суралъул, швантIихалъул, лалуялъул, лираялъул,
арфаялъул, къолол ва цогидал музыкалиял алатазул
гьаракь бахъараб сагIаталда тIолалго халкъал, къавмал
ва батIи-батIиял мацIазул гIадамал накабазде ккана ва
гьеб меседил сипат-сураталъе сужда гьабизе лъугьана.

8 Амма гIакълучагIазда гьоркьоса чагIаз ягьудияздасан
мацI гьабуна. 9 Гьез Навуходоносорида абуна: «БетIер-
чIахъаяв пача, дур гIумру халалъаяв!

10 Дуца — нижер пачаяс, буюрухъ кьуна суралъул,
швантIихалъул, лалуялъул, лираялъул, арфаялъул, къолол
ва цогидал музыкалиял алатазул гьаракь рагIидал, щи-
вав чи накабазде ккун, меседил сипат-сураталъе сужда
гьабеян. 11 Гьедин гьабичIев чи цIадул корониве рехизе
вугилан. 12 Амма дуца Вавилоналда тIад тарал ягьудияз —
Шадрахица, Мешахица ва Авед-Негоца — дуца абураб

жо гIадахъ босулеб гьечIо, дур аллагьзабазе гIибадатги
гьабулеб гьечIо, меседил аллагьасда цебе накуги чIва-
леб гьечIо».
13 Кутакалда ццин бахъана гьебмехалъ Навуходоно-
сорил ва Шадрахги, Мешахги, Авед-Негоги жиндихъе
ахIеян лъазабуна. Гьел гьесда цере рачIиндал, 14 Наву-
ходоносорица гьезда цIехана: «Шадрах, Мешах ва Авед-
Него, нужеца дир аллагьзабазе гIибадат гьабуларин ва
дир меседил аллагьасда цебе нужеца накуги чIваларин
абулеб жо битIараб бугищ?
15 Дихъ гIенекке: нуж хIадур ратани суралъул, шван-
тIихалъул, лалуялъул, лираялъул, арфаялъул, къолол ва
цогидал алатазул гьаракь рагIидал, накабазде ккун ди-
ца эхетарав аллагьасда цебе сужда гьабизе, лъикI буго.
Амма нужеца гьелъие инкар гьабуни, гьабсагIаталъго
цIадул коронире рехизе руго. Цинги кинав аллагьасдай
нуж дир кверщаликьа хвасар гьарилел?»
16 Амма Шадрахица, Мешахица ва Авед-Негоца абу-
на: «Навуходоносор, гьеб каламалъе жаваб кьезе ккараб
хIал гьечIо нижер.
17 Пача, ниж цIадул коронире рехани, нижеца Жиндие
гIибадат гьабулев Бичасул хIалкIолъи буго ниж гьени-
са хвасар гьаризе, ва Гьес дур квердасаги цIунила ниж.
18 Амма, Гьес хвасар гьаричIониги, дуда лъан букIа па-
ча: дур аллагьзабазе нижеца гIибадат гьабуларо, ва дуца
эхетараб меседил аллагьасе нижеца бетIерги къулуларо».
19 Гьебмехалъ Шадрахиде, Мешахиде ва Авед-Негоде
бахъараб гьалагаб ццидаца Навуходоносорил гьурмал
кьер тIуна ва анкьго нухалъ цIикIкIун багIаризабун
кор боркьизабеян буюрана. 20 Гьес жиндирго аскаразул
тIаса рищарал рагъухъабазе буюрухъ кьуна Шадрахги,

Мешахги, Авед-Негоги рухь-рухьун цIадулъе рехеян.
21 ТIад ретIелгун – тIажал, гурдал, тIагъралгун – гьел
рухьана ва гьелегьараб цIадулъе рехана.

22 Пачаясул кьварараб буюрухъалда рекъон, гьалаг
гьабураб цIадул кутакалъ, Шадрахги, Мешахги, Авед-
Негоги цIадулъе рехулел рукIарал пачаясул рагъухъаби,
корониса къватIире бурулел цIадул мацIаз рухIун рехана.
23 Гьел лъабалгойин абуни, ай, Шадрах, Мешах ва Авед-
Него рухьухъего беролеб цIадулъе ккана.

24 ЦинтIаго хIикмалъун вачIана Навуходоносор ва
кIанцIун тIаде вахъана. «Лъабгоял гурелищ нилъеца
рухьинеги рухьун цIадулъе рехарал?» – ин цIехана гьес
гIакълучагIазда:

Гьез жаваб кьуна: «БитIараб буго, пача», – ян.

25 Цинги пачаяс абуна: «Дида ункъгоял рихьулел ру-
гогури цIадулъ хьвадулел, эркенго ва щибго заралги
ккечIого! Ункъабилесул куц-мухъин абуни Аллагьасул
Васасда релълъуна!»

26 Боркьараб корол кIалтIа цевегIанги къан, Наву-
ходоносорица ахIана: «Шадрах, Мешах ва Авед-Него,
ТIадегIанав Аллагьасул лагъзал, къватIире лъугьа! Гьа-
нире рачIа!» Гьебмехалъ Шадрах, Мешах ва Авед-Него
цIадулъа къватIире рачIана.

27 ГьебсагIатго сардараз, шагьаразул бутIруз, вазирзабаз
ва пачаясул тIолалго чIухIби-хIакимзабаз сверун ккуна
гьел, ва гьезда бихьана гьел гIолохъабазе цIадуца щибго
зарал гьабун гьечIеблъи: я ботIродаса рас чIурхIун гье-
чIо, я ретIел бухIун гьечIо, я кIкIуйдул махIцин гьечIо.

28 Гьебмехалъ Навуходоносорица абуна: «Шадрахил,
Мешахил ва Авед-Негол Аллагьасе рецц! Гьес, малаик-
ги витIун, Жиндирго лагъзал хвасар гьаруна! Пачаясул



Дан. 3:24-25 Даниялил гьудулзаби цIадул коронир

рагIухъги гIенеккичIого, гьез Гьесде мугъ чIвайдал!
Жиндирго гIумруялда барахщичIого, гIицIго жиндирго
Аллагьасе гурони накуги чIвачIо гIибадатги гьабичIо!
29 Гьале киналго халкъазе, къавмазе ва батIи-батIиял
мацIазул гIадамазе дир буюрухъ: Шадрахил, Мешахил
ва Авед-Негол Аллагь гIодовегIан гьавуравщинав чи
ункъиде къотIизе вуго, гьесул мина-къайги чIваднazде
сверизабизе буго, щайгурелъул, гьедин инсан хвасар
гьавизе хIалкIолев цоги батIияв Аллагь гьечIо тIокIалъ!»
30 Цинги пачаяс гьел Вавилон пачалихъалъул къад-
руял хъулухъазде тIадруссинаруна.

### ***КъотIараб гъотIол хIакъалъулъ Навуходоносорил макъу***

31 «Навуходоносор пачаясул рахъалъ тIолалго халкъазе,
къавмазе ва батIи-батIиял мацIазул гIадамазе саламгун
баракат!
32 Дир мурад буго ТIадегIанав БетIергьанас дир гIум-
руялда жанир гьарурал кIудиял ишазул ва мугIжизатазул
нужеда бицин.

33 Гьесул гIаламатазул кутаклъи!
Гьесул мугIжизатазул гучлъи!
Гьесул парччахIлъи – абадияб парччахIлъи,
Гьесул кверщеллъи – гIасрабазулъа
гIасрабазулъе!

4 1 Дун, Навуходоносор, парахатго дирго рокъов – кIал-
гIаялда – гьарзаяб ва рахIатаб гIумруялда вукIана.
2 Амма цо сордоялъ бихьараб макъуялъ кутакалда хIин-
къизавуна дун; сардилъ цере тIамурал хIинкъа-хIинкъарал

жалаз сородизавуна. 3 Цинги Вавилоналъул тIолалго
гIакъилзаби раче дихъеян буюрухъ кьуна дица, гьез
дир макьуялъул магIна бицине букIине. 4 СихIручагIи,
балъголъи лъалел чагIи, гIакълучагIи ва нужумчагIи
дида цере рачIиндал, дица макьу бицана гьезда. Амма
лъидаго гьелъул магIна бичIчIичIо. 5 Ахирги Даниял
вачIана дихъе (дица гьесда Белтешацар абун цIар лъун
букIана, дирго аллагьасул цIар) – Хирияв Аллагьасул
РухI жиндилъ бугев чи. Гьесдаги бицана дирго макьу.

6 Дица абуна: „Белтешацар, тIолалго балъголъи лъалезул бетIер! Дида лъала дулъ Хирияв Аллагьасул РухI букIин ва дуца бокьараб балъголъи бигьаго тIатинабулеблъи. Гьанже бице дида, гьаб дида бихьараб макьу кинаб ва гьелъул магIна щиб?

7 Гьале къаси бусада кьижун вукIаго дида бихьараб
макьу. Дунялалъул бакьулъ борхатаб гъветI буго эхетун.
8 Гьеб кутакалда кIодолъана, кар зобалазде гIунтIана.
Дунялалда кисанго бихьулеб букIана гьеб. 9 ГъотIода
гьайбатаб тIамахги букIана, пихъги гьарзаго бижун
букIана – киназего гIураб ниглмат букIана гъотIода.
Гьелда гъоркь гIалхул жанаварал рахчана, гьелъул тIамах-гIаркьелазулъ зобалазул хIанчIаз бусаби гьаруна ва щибаб рухIчIаголъиялъ гьелдаса пихъ кваналеб букIана.

10 Цинги макьилъ дида малаик вихьана – зобалаздасан
гIодове рещтIун вачIунев Хирияв ВорчIухъан. 11 Гьес ки-
наздаго рагIун абуна: 'ГъветI къотIе, гьелъул гIаркьалаби
гъура-чунке, пихъги щущазабе. Жанаварал гьелда гъор-
кьа нахъе аян абе, хIанчIиги, гьелъул гIаркьалабиги тун,
нахъе роржаян абе. 12 Амма хIехьгин кьалбал, тIад маххги
мазгарги бан, гIурдал харилъ те. Зодисан щвараб щубалъ
чурулеб букIа абе гьеб ва жанаваразда цадахъ букIа абе,

чIахI-херги кванан. 13 Инсанасул гIакълуги нахъе босун,
жанаваралъул гIакълу кье гьесие. Гьедин букIа абе анкьго
соналъ. 14 Гьаб хIукму загьир гьабуна Зобалазул РорчIухъа-
баз, Хирияв малаикзабаз амруги босун бачIана. ЧIагоял-
щиназда лъан букIа абе гIадамазул пачалъи ТIадегIанасул
кверщаликь букIин. Жиндиего бокьарасе гьебги кьолеб,
бищун гIодовегIанавцин пачалъунги гьавулев Гьес’.

15 Гьеле Навуходоносор пачаясда къаси бихьараб ма-
кьу. Гьанже, Белтешацар, бице дида гьелъул магIна, дир
пачалихъалъул тIокIав цониги гIакъиласда кIолеб гьечIо
гьелъул магIна гьабизе“».

### *Даниялица макьу къотIи*

16 Гьебмехалда Даниял (гьевго Белтешацар) кутакалда
хIал хисун лъугьана, ва гьев жиндирго пикрабаз хIин-
къизавуна.

Цинги пачаяс абуна: «Белтешацар, я гьеб макьуялъ,
я гьелъул магIнаялъ мун хIинкъизавизе кколаро».

Цинги Белтешацарица абуна: «БетIерчIахъад, дур
тушбабазе анищ гьеб макьу ва мун рихаразе анищ гье-
лъул магIнаги!

17 Дуда макьилъ бихьараб гъветI — кIудияб ва щулияб,
борхалъиялъ зодоб тункараб ва кисанго жиб бихьулеб,
18 гьайбатаб тIамахгун, кинацаго кваналеб лазатаб пихъ-
гун, жиндир рагIдукь гIалхул жанаварал рахчулеб ва
гIаркьелазда зодил хIанчIаца бусен лъураб — 19 мун ккола
гьев, дир пача! Мун кIодолъана, ва дур гуч цIикIкIана;
дур цIар зобалазде бахана, ва дур кверщеллъи дуняла-
лъул рагIалдеги гIунтIана.

20 Дир пача, цинги дуда вихьана зобалаздаса гIодове рещ-
тIун вачIунев Хирияв ВорчIухъан, ва Гьес абуна: „ГъветI

къотIе, гьеб хвезабе, амма хIехьги кьалбалги, тIад маххги мазгарги бан, гIурдал харилъ те. Зодил щубалъ чурулеб букIа абе гьеб ва жанавараздаца цадахъ букIа абе, чIахI-херги кванан. Гьедин букIине те анкьго соналъ".

[21] Гьале, дир пача, гьелъул магIна ва гьале ТIадегIанас дир бетIерчIахъадие къотIараб хIукму: [22] мун гIадамазда
гъорлъа вачахъизе вуго ва гIалхул жанаваралгун цадахъ гIумру гьабун вукIине вуго. ХIайван кинигин чIахI-херги кванан зодил щубалъ чурулев вукIина мун. Гьедин анкьго сон бала, цинги дуда бичIчIила гIадамазул пачалъи ТIадегIанасул кверщаликь букIинги, Жиндиего бокьарасе Гьес гьеб кьолеблъиги.

[23] Амма хIехьги кьалбалги нахъе цIунеян лъазабун бугелъул, дур пачалъи духъе тIадбуссине буго, сундаго тIад кверщеллъи Зобалазухъ букIиналъе мун кантIараб ва мукIурлъараб мехалъ. [24] Гьединлъидал, дир пача, гьаб
дица кьолеб гIакълу къабуллъаги дуе: ритIухъал ишалги гьарун, дурго мунагьазул гьир тIаса рехе ва зулмуялъул рахсалги чучун, мискинзабазе квер гIатIид гьабе».

### *Макьу тIубай*

[25] ХIакъикъаталдаги кинабго гьедин ккезеги ккана Навуходоносорие. [26] Гьелдаса анцIила кIиго моцI ун
хадуб, цо къоялъ Вавилоналда пачаясул кIалгIаялъул тIохда хьвада-чIвадилев вукIаго, [27] пачаяс абуна:

«Гьаб гурищ цIар рагIараб Вавилон! Пачабазул тахшагьар, дица дирго къуваталъ ва дирго хIалкIолъиялъ бараб, дир кутакги дир цIарги машгьур гьабураб!»

[28] Пачаяс гьеб рагIи бицун бахъиналде зобалаздасан гьаракь рагIана: «ГIенекке, Навуходоносор пача! Гьале дуе къотIараб хIукму: мун пачалъиялдаса рехулев вуго!

29 ГIадамазда аскIоса нахъе гъезе вуго мун ва гIалхул
жанавараздa аскIов хIайван кинигин, чIахI-херги ква-
нан, вукIине вуго. Гьедин анкьго сон бала. Цинги дуда
бичIчIила гIадамазул пачалъи ТIадегIанасул кверщаликь
букIинги, Жиндиего бокьарасе Гьес гьеб кьолеблъиги».
30 ГьебсагIаталдаго гьеб рагIиги тIубана. Навуходо-
носор гIадамазда цевеса нахъе ахIана; щубалъ черхги
чурун, херги кванан, хIайван гIадин лъугьана гьев ва
гьесул рас цIумалъул хIули гIадаб халатаб бижана, ма-
лъалги, хъарчигъадул гIадин, кIудиял гIуна.

31 «Анкьго сон ахиралде щведал, дун, Навуходоносор,
борхун бетIергун, зодиве валагьана ва дихъе гIакълу
тIадбуссана. Гьебмехалда дица ТIадегIанасе рецц гьа-
буна, Абадиясе реццгун гIибадат гьабуна.

Гьесул кверщеллъи – абадияб,
Гьесул парччахIлъи – гIасрабазулъа
гIасрабазулъе!
32 Гьаб дунялалъул гIалам –
щибго гуреб жо.
Жиндиего бокьухъе гьабула Гьес
зобалазул боязеги
дунялалъул агьлуялъеги.
Гьесда данде чIезе кIолеб къуват лъилниги
гьечIо –
„Дуца гьабулеб жо щиб?“ – ин Гьесда
лъицаго абуларо.

33 Дун гIакълуялде вачIараб сагIаталъго, пачаясул
къадру-къиматги, чIухIиги, кIодолъиги тIадбуссана

дихъе. ЧIухIби-хIакимзабаз дун нахъеги къабул гьаву-
на. Дун цIидасан пачалъун лъугьана, ва цебе букIарал-
дасаги дир къадру-къимат цIикIкIана. [34] Гьанже, дица,
Навуходоносорица, Зобалазул ПарччахIасе рецц гьабула,
щайгурелъул, Гьес гьабулебщинаб хIакъаб бугелъул ва
Гьесул нухал рацIцIадал ругелъул. ГIамалкIодого хьва-
дулелщиназда квелъ базеги Гьесул хIалкIолъи буго».

### *Къадада хъвараб балъголъи*

5 [1] Цо нухалъ Белшацар пачаяс* кIудияб сухIмат гIуцIа-
на жиндирго чIухIби-хIакимзабазе. Азарго чи ахIана
гьениве, ва гьезда цадахъ квана-гьекъолев вукIана пача.
[2] Гьекъолдун кеплъарав чияс, гьесул кIудияв эмен Навухо-
доносорица Иерусалималъул Мукъадасаб Рокъоса росун
рачIарал меседил ва гIарцул щурмал гьанире росеян бу-
юрана гьес – жиндицаго, жиндирго чIухIби-хIакимзабаз,
лъудбуз ва гъаравашаз чагъир гьекъезе букIине. [3] Иеруса-
лималдаса БетIергьанасул Рукъалъул меседил ва гIарцул
щурмал гьенире росун рачIана ва гьезда жанибе чагъирги
тIун гьекъолдана гьев чIухIби-хIакимзабигун, лъудбигун
ва гъаравашалгун цадахъ. [4] Гьекъолаго чагъиргун, жин-
дирго меседил, гIарцул, мазгарул, маххул, цIулал ва ган-
чIил гьарурал аллагьзабазе рецц гьабулеб букIана гьез.
[5] Цинги партIан инсанасул квералъул гIадал килщал
раккун рачIана, ва пачаясул кIалгIаялъул къеда бараб чи-
рахъалда сверун къадал гачалда тIад хъвадаризе жубана.

---

* [5:1] *Белшацар* – ЦIияб Вавилоналъул ахирисев пача, Набонидил кIудияв вас. ХIакъикъаталда, эмен чIаго вукIаниги, тахшагьаралда ва аскаразда тIад кверщел васас гьабулеб букIана. Гьесул эбелалда цIар – Нитокрис, гьейги Навуходоносорил яс йикIана.

Пача гьеб хъвадарулеб квералъухъ валагьун хутӀана.
[6] Гьесул гьумер хъахӀлъун ана, ва гӀемер хӀинкъиялъ
гьесул накаби сородизе лъугьана.

[7] Ва пачаясул гьаркьал рахъана. Жиндихъе балъго-
лъи лъалел чагӀи, гӀакълучагӀи ва нужумчагӀи рачеян
ахӀана гьес. Вавилоналъул гӀакъилзабазда гьес абуна:
«Гьаб хъвай-хъвагӀай цӀализе кӀварав ва дида гьелъул
магӀна бицине лъарав чиясда тӀад дица пачаясул гӀаба
ретӀине буго, горбода меседил рахасги базе буго, ва гьев
тезе вуго дир пачалъиялъул бищун тӀадегӀаназул лъаба-
билев чилъун».

[8] Киналго гӀакъилзаби гьеб къеда тӀаде руссана,
амма, я къадада хъвараб жо цӀализе, я гьелъул магӀна
пачаясда бицине бажаричӀо гьезда. [9] Гьебмехалъ пача
жеги кутакалда хӀинкъана, гьурмал хутӀарабги кьер
тӀуна, гьесул чӀухӀби-хӀакимзабиги щиб гьабилебали
лъаларого хутӀана.

[10] Пачаясул ва чӀухӀби-хӀакимзабазул ахӀи-хӀур рагӀа-
рай пачаясул эбел ячӀана квана-гьекъолеб рокъое жание.
«БетӀерчӀахъаяв пача, дур гӀумру халалъаяв! – ин абуна
гьелъ. – Гьеб хӀалалда дур ургъел ккезе ва дур кьер тӀезе
щибго ккараб жо гьечӀо.

[11] Дур пачалъиялда вуго Хирияв Аллагьасул РухӀ
жиндилъ бугев цо чи. Дур кӀудияв инсул заманалдаго
жиндирго гӀелму-лъаялдалъун ва аллагьзабазул гӀа-
даб гӀакълуялдалъун машгьурлъана гьев. Дур кӀудияв
эмен Навуходоносор пачаяс гьев тун вукӀана сихӀру-
чагӀазул, балъголъи лъалел чагӀазул, гӀакълучагӀазул
ва нужумчагӀазул бетӀерлъун. [12] Гьеле гьесулъ, пачаяс
Белтешацарин жинда цӀар лъурав Даниялилъин батараб
гӀакълудал бегӀерлъиги, гӀелму-лъайги, макьабазул ва




Дан. 5:5 ПартІан инсанасул квер баккун бачІана ва къадада хъвадаризе жубана

гIаламатазул магIна бицине гьунарги, захIматал суалазе битIараб хIукму къотIизе бажариги. Гьев ахIизе чагIи ритIе, цинги гьес бицина дуда гьеб хъвай-хъвагIаялъул магIнаги».

13 Гьебмехалъ Даниял вачун вачIана пачаясухъе, ва
пачаяс гьесда абуна: «Мунищ дов Даниял – дир кIуди-
яв инсуца Ягьудиялдаса рачун рачIарал асиразул цояв?
14 Дида рагIана дулъ Бичасул РухI бугилан, ва мун,
гIелму-лъайги бугев, кутакалда гIакъилав чи вугилан.
15 ГIакъилзабиги, балъголъи лъалел чагIиги рачун ра-
чIун рукIана дихъе, гьаб хъвай-хъвагIай цIализе ва дида
гьелъул магIна бицине, амма гьезухъа гьеб бажаричIо.
16 Дур хIакъалъулъ абуни, дида рагIана дуда балъгояб-
щиналъул магIна лъалин ва захIматал суалазе битIараб
хIукму къотIизеги бажарулин. Дуда гьаб хъвай-хъвагIай
цIализе кIвани ва гьелъул магIна бицине бажарани, дуда
тIад дица пачаясул гIаба ретIине буго, горбода меседил
рахасги базе буго ва мун тезе вуго дир пачалъиялъул
бищун тIадегIаназул лъабабилев чилъун».

17 Даниялица жаваб кьуна: «Дур сайгъатал дуего те,
шапакъаталги цоги лъие букIаниги кье. Пачаясе дица
гьадингоги цIалила къадада хъвараб жо, гьелъул магI-
наги бицина.

18 БетIерчIахъаяв пача, ТIадегIанав Аллагьас дур кIу-
дияв эмен Навуходоносорие кьуна цIар рагIараб пача-
лъиги, кIудияб къадру-къиматги, кутакаб бечелъиги.
19 Бичас гьесие кьураб кIодолъиялъ тIолалго халкъал,
къавмал ва батIи-батIиял мацIазул гIадамал хIинкъун
сородулаан гьесда цере. Бокьарал чIвазе къотIулаан гьес,
бокьаразда гурхIулаан, бокьарал тIадегIан гьарулаан,
бокьарал гIодорегIан гьарулаан гьес. 20 Амма гьесул ракI

чIухIидал ва гIамалкIодолъиялъ тIом биццалъидал, гьев
пачалъиялъул тахидаса рехана ва къадру-къиматалдаса-
ги махIрумлъана. 21 Гьев гIадамазда цевеса нахъе гъуна
ва гьесул гIакълуги хIайваналъулалда релълъинабуна.
ГIалхул хIамулгун цадахъ, бугъица гIадин херги кванан,
зодил щубалъ черхги чурун вукIана гьев, гIадамазул
пачалъи ТIадегIанав Аллагьасул кверщаликь букIин-
ги, Жиндиего бокьарасе Гьес гьеб кьолеблъиги гьесда
бичIчIизегIан.
22 Мунин абуни, Белшацар, гьесул наслу, гьеб кинаб-
гоги лъалев чи, гIодове вуссинчIо! 23 Мунго Зобалазул
ПарччахIасдасацин кIудияв вугин ккана дуда. Гьесул
Рукъалъул щурмалги рачIинарун, гьезда жанибе ча-
гъирги тIун, дурго чIухIби-хIакимзабигун, лъудбигун
ва гъаравашалгун цадахъ гьекъолдана мун. ГIарцул,
меседил, мазгарул, маххул, цIулал ва ганчIил гьарурал,
я балагьизе берал гурел, я рагIизе гIундул гурел, я бичI-
чIизе гIакълу гурел аллагьзаби реццана дуца. Амма дур
гIумруги дур киналго нухалги Жиндир хъатикь ругев
Аллагьасе гIибадатги реццги гьабичIо. 24 Гьединлъи-
далин Бичас битIун бачIараб гьеб квер ва къеда гьел
рагIабиги хъварал.
25 Гьале гьениб хъван бугеб жо: „МЕНЕ, МЕНЕ, ТЕ-
КЕЛ, У-ПАРСИН“.
26 Гьале гьелъул магIна:

МЕНЕ* – Бичас дур пачалъиялъул къоязул къоязул
къадар рикIкIана ва гьелъие ахир лъуна.

* 5:26 *МЕНЕ* – рикIкIана абураб магIна ккола гьаб рагIул.

27 ТЕКЕЛ* – Мун, цIадирабаздаги лъун, цIана ва цIакъ-
го тIадагъав ватана.
28 ПЕРЕС** – Дур пачалъи кIийиде бикьана ва мадаязе-
ги парисазеги кьуна».

29 Гьебмехалъ, Белшацарил буюрухъалда рекъон, Да-
ниялида пачаясул гIаба ретIана, гарбида меседил рахас-
ги бана ва пачалихъалъул бищун тIадегIанал бутIрузул
лъабабилев чилъунги тана гьев.
30 Гьебго сордоялъ халдеязул пача Белшацар чIвана***,
31 Мадаялдаса Дарийица**** пачалъиги кверде босана.
Лъабкъоялда кIиго сон барав чи вукIана Дарий.

### *Даниялида данде хIилла ургъи*

6 1 Дарий пачаясе бокьана, жиндирго пачалихъ цебе ба-
чинелъун, нусиялда къого сардар тIаса вищизе. 2 Гьел
киназдаго тIад лъабго бетIер тана. Гьезул цоявлъун Да-
ниял вукIана. Сардараз гьев лъабасдаго цебе жаваб кьезе
кколаан жидерго хIалтIи-ишалъул, гьединаб къагIидаялда
пачалихъалда низам чIезабизе ва цIуна-къай букIина-
бизелъун. 3 Заманго иналде сардаразда ва гьезда тIад та-
рал бутIрузда гьоркьоб Даниял бищунго бажари-гьунар
цIикIкIарав вукIин якъинлъана. Гьединлъидал пачаясе
бокьана тIолабго пачалихъалда тIад бищун кIудиявлъун

* 5:27 *ТЕКЕЛ* – цIана абураб магIна ккола гьаб рагIул.

** 5:28 *ПЕРЕС* – гIемерлъул формаялда ПАРСИН. КIийиде бикьана абураб магIна ккола гьаб рагIул.

*** 5:30 Гьеб сордоялъ, цебесеб эраялъул 539 соналъул октябрь моцIалъул 11 къоялъ, парисаз Вавилон кверде босана.

**** 5:31 *Дарий пача* – мадаязул ва парисазул пача.

гьев тезе. 4 Сардаралги цогидал чIухIби-хIакимзабиги
лъугьана Даниялица рекIкI гьабулеб бугин абун гьесда
бугьтан лъезе гIоло багьана балагьизе. Амма гьезда кIвечIо
Даниялилъ щибгIаги рекIкI батизе, щайгурелъул, гьев
пачаясе ритIухъав вукIиндал. Щиб гьабулеб бугониги, я
тасамахIлъи, я тIекълъи ккезе биччалароан гьес.

5 Цинги гьез хIукму гьабуна: «Даниялида гIайиб чIвазе
бакI батуларо нилъеда, гьединлъидал, нилъеца гьесул
диналдалъун къор гъела гьесие», – ян.

6 Гьебмехалъ сардаралги чIухIби-хIакимзабиги цадахъ
пачаясухъе рилълъана ва гьесда кIалъана: «БетIерчIа-
хъаяв Дарий пача, дур гIумру халалъаяв!

7 ТIолалго пачаясул чIухIби-хIакимзабиги, аскара-
зул бутIрулги, сардаралги, гIакълучагIиги тIадрекъана
лъеберго къоялъул манзилалда жаниб мун тун батIияв
инсанасда, яги аллагьзабазда цебе бетIер къулун гьари-
дугIа гьабурав чи гъалбацIазул рукIниве рехизе вугин
абураб пачаясул хIукму бахъизе ккеялда. 8 Гьединлъидал,
нижер пача, дурго мугьруги чIвараб гьединаб хIукму ба-
хъе, парисазул ва мадаязул къануналда рекъон, тIокIалъ
гьеб хисизабизе бегьулареб хIалалда».

9 Цинги Дарий пачаяс гьединаб, пачаясул мугьруги
чIвараб, буюрухъ бахъана.

10 Гьединаб буюрухъ бахъун букIин лъаниги, Даниял
жиндирго тIаса рокъове вилълъана – гьелъул гордал Ие-
русалималъул рахъалдехун ралагьарал рукIана. Гьениб
къойил лъабго нухалъ суждаялда чIун цебе-цебе гьабулеб
букIарабго гIадин, рецц-бакъгун Аллагьасе суждаялда
чIун, дугIа-гIибадат гьабуна.

11 Даниялида данде чIаразул къокъа бачIана цо нухалъ
тохлъукьего гьесул рокъобе. Гьев гурхIел-рахIму гьарун

Аллагьасда цеве накабазда чIун дугIа гьабулев ватана
гьезда. [12] ГьебсагIаталъго гьел пачаясухъе рилълъана ва,
гьесул буюрухъги ракIалде щвезабун, кIалъана: «Дуца
буюрухъ хъван гьечIищ, нижер пача, лъеберго къоял-
да жаниб мун тун батIияв инсанасе, яги аллагьзабазе
гьари-дугIа гьабурав чи гъалбацIазул рукIниве рехизе
кколин абураб?»

Пачаяс жаваб кьуна: «Узухъда, гьедин буго, хиси-
забизе рес гьечIеб мадаязул ва парисазул къануналда
рекъон», – ин.

[13] Цинги гьез абуна: «Ягьудиялдаса асирзабазул цояв –
Даниялица – дуца абураб рагIухъ гIин балеб гьечIо, дур
буюрухъалъулги милатцин гьабулеб гьечIо. Гьес жин-
дирго къагIидаялъ къойил лъабго нухалъ сужда-гIибадат
гьабулеб буго».

[14] Гьеб хабар рагIидал, пачаясул кутакалда ракI бакъ-
вана. Амма Даниял хвасар гьавизе хIукму гьабуна гьес
ва бакъ тIерхьинегIан гьелъие хIаракат бахъана.

[15] Амма гьел чагIи рачIана нахъеги пачаясухъе ва
тIаса ричIичIого кIалъана: «Нижер пача, дуда кIочо-
нге мадаязул ва парисазул къануналда рекъон, пачаяс
къватIибе бахъараб цониги амру, я буюрухъ, хисизабизе
бегьулареблъи», – ян.

[16] Гьебмехалъ пачаяс буюрухъги кьун, Даниял вачун
вачIана ва гъалбацIазул рукIниве рехана. Гьениве гьев
рехулелъул, пачаяс Даниялида абуна: «Дуца ритIухъго
Жиндие гIибадат гьабулев дур Аллагьас цIунаги мун!» – ин.

[17] Хадуб босун кIудияб гамачI гиризабуна гьеб гъал-
бацIазул рукIнил кIалтIуялда цебе ва пачаясулги гьесул
чIухIби-хIакимзабазулги мугьрабиги чIван, гьеб кIал-
тIу щула гьабуна, Даниялие къотIараб хIукму лъидаго



Дан. 6:16 Даниял гъалбацІазул рукІнив

хисизабизе кIолареб хIалалда. [18] Цинги пача жиндирго
кIалгIаялде тIадвуссана. Я кIалдиб квен лъечIо, я щиб-
го жоялдаса лазат босичIо, я беразде макьу бачIинчIо
пачаясул гьеб сордоялъ.

[19] ХъахIлъи рехулаго пача бусадаса тIаде вахъана ва
гъалбацIазул рукIнил кIалтIуялъухъе гIедегIана. [20] Гье-
ниве щведал, пачаяс хIинкъадго Даниялиде ахIана:
«Даниял, хIакъав Бичасул лагъ! Дуца Жиндие ритIухъго
хъулухъ гьабулев Аллагьасда бажаранищ гъалбацIазукьа
мун цIунизе?» – ян.

[21] Даниялица жаваб кьуна: «БетIерчIахъаяв пача!

[22] Дир Аллагьас, Жиндирго малаикги витIун, гъал-
бацIазул кIалал данде къазаруна. Гьез дие щибго зарал
гьабичIо, щайгурелъул, дун Гьесда цеве вацIцIадав ву-
кIиндал. Дуда цебеги, дир пача, дица киданиги щибго
хIалихьалъи гьабичIо».

[23] Гьебмехалъ пачаясул разилъиялъул гIорхъи букIи-
нчIо, ва Даниял гьениса къватIиве вахъеян буюрана
гьес. Даниял къватIиве вахъидал, гьесда цониги ругъун
батичIо, щайгурелъул, гьев ракI-ракIалъго Бичасда бо-
жарав чи вукIиналъ.

[24] Пачаясул буюрухъалдалъун, Даниялида бугьтанал
лъурал чагIи гьенире рачун рачIана ва, хъизан-лъимал-
гун цадахъ, гьел гъалбацIазул рукIнире рехана. ГIодор
хъвалелдего гъалбацIаз тIу-тIун рана гьел, гьезул рукь-
биги гъурана.

[25] Гьебмехалда Дарий пачаяс тIолалго халкъазухъе,
къавмазухъе ва щибаб миллаталъухъе гьадинаб кагъат
хъвана:

«Нужее киназего саламгун рекъел!

[26] Дица буюрухъ кьолеб буго дир пачалихъалъул тІо-
лалго халкъаз ва къавмаз Даниялил Аллагьасе сужда
гьабеян ва Гьесукьа хІинкъаян.

Гьевлъидал ХІакъав Аллагь,
Абадияв Даимав!
Гьесул парччахІлъи щулияб,
Гьесул ихтиярги ахир гьечІеб.
27 Гьес балагьазукьа цІунула ва хвасар гьарула.
ГІаламатал ва мугІжизатал рихьизарула
Зобалаздаги ракьалдаги.
Гьес Даниял
гъалбацІазул гажакьа хвасар гьавуна!»

[28] Дарийилги парисав Кирилги пачалъиялъул зама-
налда Даниял кІудияб къадру-къиматалда вукІана.

## *Даниялил макьу*

7 [1] Белшацар Вавилоналъул пачалъун вахъун тІоцебесеб
соналъ*, къаси бусада вегун вукІаго, Даниялида цо
хІикматал макьаби рихьана ва гІаламатал цере тІамуна.
Гьес гьеб киналъулго хІакъалъулъ хъвай-хъвагІай гьа-
буна. Гьале гьеб хъвай-хъвагІай:

[2] «Дида, Даниялида, сардилъ цебетІамиялдалъун
бихьана зобалазул ункъго гьуриги бахъун, гьез кІудияб
ралъад багъаризабулеб. [3] Цинги ункъго кІудияб цоцада
релълъинчІеб жанавар бачІана ралъдалъа къватІибе.

[4] ТІоцебесеб букІана гъалбацІалда релълъараб, цІудул
куркьбалги ругеб. Дун балагьун вукІаго, гьелъул куркьби

* [7:1] *Цебесеб эраялъул 553 с.*

тIун ана ва гьаваялда букIараб гьеб жанавар, цинтIаго,
инсан гIадин, кIиго хIатIида эхетана. Гьелъие инсанасул
гIакълуги кьуна.
5 КIиабилеб жанавар квачIид бахъараб циялда релъ-
лъараб букIана ва гьелъул кIалдиб ккун лъабго ракьа
букIана. Лъицаялиго гьелда абуна: „Бахъа, гIорцIизегIан
гьан кванай!“ – ян.
6 Хадуб дида цоги, цIиркъалда релълъараб жанавар
бихьана. Гьелъул мугъалда хIинчI-хъумуралъул гIадаб
ункъго кваркьи букIана. Гьеб букIана ункъбетIераб жа-
навар, ва гIадамазда тIад ихтияр кьуна гьелъухъе.
7 Гьелдаго хадуб дида бихьана ункъабилеб жана-
вар – тIаде балагьизе хIинкъараб, гIасияб, кутакалда
къуватаб. Гьелъул чIахIиял маххул гажал рукIана; гьелъ
гъура-хъурун кваналеб букIана кодобе щварабщинаб,
хутIарабщинабги хIатIикь мерхьунеб букIана. Цогидал
жанавараздa релълъараб букIинчIо гьеб, гьелъул анцIго
лълъарги букIана.
8 Дун гьел лълъурдузухъ валагьун вукIаго, гьезда гьор-
кьосан цоги гьитIинаб лълъар баккун бачIана, ва гьелъие
бакI гьабизелъун лъабго лълъар кьолболъанго бахъун
нахъе рехана. Гьеб лълъаралда инсанасул гIадал берал
рукIана ва гIамал кIодого гаргадилеб кIалги букIана.

9 Хадуб дида бихьана
тахбакIал лъолел,
ва Жив Даимав тахида гIодов чIолев.
Гьесул ретIел – гIазу гIадаб хъахIаб,
ботIрода расги – бацIцIадаб хъахIаб квасалда
релълъараб.
Гьесул тахбакI – цIадулъ босун бугин ккола,



Дан. 7:3-6 Даниялида макьилъ рихьарал кIудиял жанаварал

тахил гьакибераздасаги цIа бурула.
10 Гьесда цебесан бачIун,
цIадул гIор чвахула.
Аза-азаргоял Гьесие хъулухъалъе чIун руго,
нус-нусазарго Гьесда цере рахъун чIун руго.
Диваналде къачIана,
ва тIахьал рагьана.

11 Доб гьитIинаб лълъар гIамал кIодого кIалъалеб бу-
кIиндал, гьелъухъ балагьун хутIун вукIана дун. Ахирги
гьеб жанавар чIвана ва гьелъул къаркъалаги, гъура-чун-
кун цIадулъеги рехун, бухIана. 12 ХутIарал жанаваразу-
хъа гьезие кьун букIараб ихтияр нахъе бахъана, амма
дагьабги заманаялъе чIаго тана гьел.

13 Макьилъ дун валагьана ва гьале,
зобалазул накIкIалгун цадахъ ГIадамил
Лъимерин кколев щивалиго чи унев вуго.
Жив Даимасда аскIове гIунтIана Гьев ва Гьесда
цеве вачун вачIана.
14 Гьесие кьуна ихтияр, къудрат ва парччахIлъи –
щибаб халкъалъул, къавмалъул, мацIалъул ва
миллаталъул гIадамал Гьесие мукIурлъизе
рукIине.
Гьесул ихтияр – абадул абадияб, кидаго ахир гьечIеб,
ва Гьесул парччахIлъи щулияб, кидаго тарулареб.

### *Макьуялъул магIна*

15 Дун, Даниял, гьелеретIамияз кутакалда хIинкъи-
завун, рахIат хун лъугьана. 16 Дун гьенир эхетаразул цо-
ясда аскIове вилълъана, ва дица гьеб киналъулго хIакъаб



Дан. 7:7-8 Даниялида макьилъ бихьараб ункъабилеб жанавар

магIна щибилан цIехана. Гьес дида бицана: 17 „Ункъго
кIудияб жанавар ккола дунялалда букIине бугеб ункъго
пачалъи. 18 Амма ахир-къадги тIолабго пачалъи ТIаде-
гIанасул халкъалъухъе кьезе буго ва абадул абадиялъе
гьезул кверщаликь букIине буго“.

19 Ункъабилеб жанаваралъул магIнаги лъазе бокьун
букIана дие – цогидал жанаваразда жиб релълъинчIеб,
бищунго гIасияб, маххул гажалги мазгарул малъалги
ругеб, кодобе щварабщинаб гъурун-хъурун кваналеб,
хутIарабщинабги жинца хIатIикь мерхьунеб. 20 Жеги дие
лъазе бокьун букIана гьелъул анцIабго лълъаралъулги
ахиралда бижараб лълъаралъулги магIна – жиндие бакI
кьезе гIоло цогидаб лъабго лълъар бортараб, хадуб би-
щун кIудияб гIураб, бералги ругеб, гIамал кIодого кIа-
лъалеб кIалги бугеб. 21-22 Дида бихьана гьеб лълъаралъ
БетIергьанасул халкъгун рагъ гьабулеб ва, ахир-къадги
Жив Даимав вачIинегIан, гьезда тIад бергьенлъи бо-
сулеб. Цинги Гьес гьеб лълъаралъе диван къотIана,
ТIадегIанасул халкъ ритIухъ гьабуна ва пачалъи гьезул
ихтияралде кьуна.

28 Гьанир лъугIана дир церетIамиял. Дун, Даниял, ку-
такалда рахIат хун, гьурмал кьерги тIун, пикрабаз чIвалев
вукIана. Амма дица гьеб кинабго балъго рекIелъ жаниб
цIунун тана.

### *Даниялида кIиго хIайван цебе чIей*

**8** 1 Белшацар пачалъун вахъун лъабабилеб соналъ* ,
цебе бихьун букIаралда тIадеги, дида цоги гIаламат
цебе чIана. 2 Гьеб цебетIамиялда дун дидаго вихьана

* 8:1 *Цебесеб эраялъул 551 с.*

Элам вилаяталда Улай лъарал рагIалда бугеб Шушан
хъалаялда. 3 БетIер тIаде борхидал, дида лъарал ра-
гIалда эхетараб куй бихьана. КIиго лълъарги букIа-
на гьелда. КIиябго лълъар кIудияб букIана, амма цо
лълъар цогидалдаса дагьалъ халатаб букIана – гьеб
нахъа баккараб букIана. 4 Дида бихьана гьеб куйца
бакътIерхьул, шималалъул ва къилбаялъул рахъал-
дехун хIункулеб. Цониги чIаголъиялда гьелда данде
чIун бажарулеб букIинчIо ва гьелдаса хвасарлъизаризе
кIолевги щивго вукIинчIо. Гьелъ жиндиего бокьа-бо-
кьараб гьабулеб букIана ва тIадеялдаса тIаде гьелъул
гуч цIикIкIунеб букIана.
5 Дун гьелъул пикрабазда вукIаго, бакътIерхьул ра-
хъалдасан тохлъукьего дегIен баккана. Гьеб гIодоб хъва-
чIого дунял къотIун унеб букIана. Гьеб дагIнил беразда
гьоркьоб кIудияб лълъар букIана. 6 Дида лъарал рагIалда
чIун бихьараб кIилълъарилаб куялда аскIобе бортана
гьеб ва гIасияб ццидалъ гьелда тIад речIчIана. 7 Дида
бихьана гьеб дегIен, тIадеялдаса тIаде ццинги гьалаг-
лъун, куялда аскIобе щвараб куц ва гIасияб ццидалъ
куйги лъукъун гьелъул кIиябго лълъар бекараб куц.
Куялда бажаричIо дагIнида данде чIун; дагIница гьеб
гIодоб тIамуна ва хIатIикь мерхьана – гьеб хвасар гьабизе
гьелъие хIалае щивго ватичIо. 8 Цинги дагIнил къуват
кутакалда цIикIкIана. Амма цIикIкIараб къуват-гучалде
бахиндал, гьелъул кIудияб лълъар бекана ва гьелъул ба-
кIалда, дунялалъул ункъабго рахъалде буссараб, ункъго
лълъар бижана – щибаб рахъалдасан рихьулел рукIана
гьел лълъурдул.
9 Гьел лълъаразул цоялдаса цоги лълъар къватIибе
баккана. Гьеб цин гьитIинаб жо букIана, амма хадуб

гьеб къилбаялъул, бакъбаккул ва Реццалъул улкаял-
дехун* балагьун кутакалда кӀудияб гӀуна. 10 Зобала-
зул аскаралдецин** гӀунтӀана гьеб, ва гьезул цо бутӀа
ракьалде гӀодобе рехана ва хӀатӀикь мерхьана гьелъ.
11 Гьеб аскаралъул БетӀерасда дандегицин чӀана гьеб
гӀамал кӀодого: БетӀергьанасул къойилал къурбанал
къотӀизаруна ва Гьесул Мукъадасаб Рукъ хъублъиза-
буна. 12 Гьеб аскарги къурбаналги гьелъул кверщали-
кье кьуна, мунагь-такъсир сабаблъун; гьелъ хӀакъаб
Къанун хӀатӀикь мерхьана, ва гьелъ гьабулебщинаб
цебетӀуна***.

13 Цинги дида рагӀана Бичасул агьлуялда гьоркьоса
цоясул гьаракь ва гьесда кӀалъалев кӀиабилесул гьа-
ракьги. Цояс абуна: „КигӀан мехалъ халат рахъине ругел
гьаб цебечӀеялда рихьизарурал лъугьа-бахъинал? Кидал-
лъизегӀан къурбанал гьукъун телел, гӀасияб мунагьалъе
гӀорхъи лъелареб, Мукъадасаб Рукъ хъублъизабун, Зо-
балазул аскарги малакь мерхьун букӀинеб?“

14 КӀиабилес жаваб кьуна: „КӀиазаралда лъабнусго
сордо-къоялъ; хадуб Мукъадасаб Рукъ цӀидасан бацӀ-
цӀад гьабизе буго“.

---

* 8:9 *Реццалъул улка* – гьеб ккола ГӀизраил.

** 8:10 *Зобалазул аскар* – цӀваби.

*** 8:12 Гьеб лълъар ккола Антиох Ункъабилев Эпифан, жиндие Эпиман («бетӀерсвер») абураб тӀокӀцӀарги кьурав (ц. э. 175-164 сс.). ХӀилла-рекӀкӀалдалъун тахиде вахана гьев ва, цебесеб эраялъул 167 соналъ Иерусалималъул Мукъадасаб Рукъги хъублъизабун, къурбаналги гьукъун, Бичасул халкъалъул гӀасияв тушманлъун лъугьана.



Дан. 8:3-7 Даниялида цебетIамиялдалъун бихьараб гIаламат

## *ЦебечIеялъул магIна*

15 Гъаб дида цебечIарабщинаб жоялъул магIна щиб-
даян хивалазда дун вукIаго, инсанасул сипаталда цо
щивалиго цевечIана дида. 16 Цинги Улай лъарал добцояб
рахъалдасан инсанасул гьаракь рагIана:

„ЖабрагIил! Гьесда бихьарабщиналъул магIна бице
гьев чиясда!“ – ян ахIулеб.

17 Гьебмехалъ гьев дун эхетараб бакIалде вачIана. Гьев
аскIове щведал, дун кутакалда хIинкъана ва кIалагъор-
кье речIчIана.

„ГIадамил лъимер, – ин абуна гьес дида, – дуда
бичIчIа, гьеб дуда бихьарабщинаб жо ахирзаманалда
хурхараб букIин“.

18 Гьев дида кIалъайдал, дун кIотун гIодов ккана.
Цинги гьес кверги хъван дун хIатIиде вахъинавуна.

19 Гьес абуна: „ГIенекке, дица бицина дуе ахирзама-
налда, Бичасул ццин рещтIараб къо бачIиндал, ккезе
бугебщиналъул.

20 Дуда бихьараб кIилълъарилаб куй ккола Мадаялъул
ва Персиялъул пачазаби. 21 ДегIен ккола Грециялъул пача.
Гьелъул беразда гьоркьосан баккараб кIудияб лълъарин
абуни, гьеб ккола тIоцевесев пача*. 22 Гьебги бекун, гье-
лъул бакIалда баккараб ункъго лълъар ккола гьеб пача-
лъиялдаса лъугьине бугеб ункъго пачалъи, амма гьезул
къуват Грециялъулалде бахараб букIинаро**.

* 8:21 Гьев ккола Александр Македонский (КIудияв) (ц. э. 336–323 сс.).

** 8:22 Александр Македонскиясул пачалихъ гьесул рагъул бутIруз-
да гьоркьоб бикьана. Сирияги Месопотамияги щвана Селевкие,
Мисри – Птолемейие, Фракия ва ГьитIинаб Азиялъул бутIа – Ли-
симахие, Македонияги Грецияги – Кассандрие.

23 Гьезул пачалъиялъул заман ахиралде щведал ва гIе-
мерисел чагIи хIарамаб-пасатаб гIумруялде руссиндал,
хIалихьатав, вахIшияв, илбисаб гIамал-хасияталъул па-
ча вахъине вуго. 24 Гьесул кутакалда къуват цIикIкIине
буго, амма гьеб къуват гьесул жиндирго кколаро. Кута-
кал балагьал рачун рачIине руго гьес ва гьабулебщинаб
цебетIезе буго гьесул. Бищун лебалалги гъуризе руго,
Бичасул халкъги пасат гьабизе буго гьес. 25 СихIру-мак-
руялдалъун гьесул рекIкIабщинаб мурад цебетIезе буго,
ва гьес живго кутакав чилъун рикIкIине вуго. Бищунго
гIадамал тохлъараб мех хIисабалдеги босун, гIемерав чи
гъуризе вуго гьес, ва пачабазулги ПарччахIасда данде-
цин вахъине вуго гьев. Ахирги гьесул мугъ бекизе буго,
амма инсанасул квераз гуреб.

26 Сардал-къоязул рахъалъ дуда бихьизабураб жо, гьеб
хIакъаб буго. Амма дуца гьеб лъидаго бицунге, щайгу-
релъул, гьеб тIубазе жеги гIемер заман буго“.

27 Гьелдаса нахъе дун, Даниял, свакан тату хун вукIа-
на ва, чанго къоялъ унтана. Хадув дун пачаясул ишазде
тIадвуссана. Бихьарабщиналъ дун кутакалда хIикма-
лъизавун вукIана – гьелъул магIна кинго бичIчIулеб
букIинчIо дида.

### *Даниялил дугIа*

9 1 Ахашверошил вас Дарий халдеязул пачалихъалда
тIад пачалъун вахъун тIоцебесеб сон букIана* – гьев
Мадаялдаса кколаан. 2 Гьесул пачалъиялъул тIоцебесеб
соналъ дун, Даниял, Бичасул Калима цIалулев вукIана.
Гьениб, Йирмиягь аварагасул тIехьалда хъван батана,

* 9:1 *Ц. э. 539 с.*

Йирмияхь аварагасухъе рещтӀараб БЕТӀЕРГЬАНАСУЛ
рагӀуда рекъон, Иерусалим лъабкъоялда анцӀго соналъ
чӀунтухъе хутӀизе бугилан. ³ Гьебмехалъ дун кӀалги ккун,
тӀад хӀебтил гӀабаги ретӀун, ботӀроде рахъуги бан, Бе-
тӀергьан Аллагьасде гьардана.

⁴ Дица дирго БЕТӀЕРГЬАН Аллагьасде дугӀа гьабуна
ва Гьесда цебе рекӀекълъи загьир гьабуна: „Вай дир Бе-
тӀергьан Аллагь, Гучав ва ХӀикматав, Мун хириязе ва
Дур ахӀкамал тӀуразарулезе къотӀи цӀунулев!

⁵ Нижеца мунагьал ва квешлъаби гьарун руго. Ниж
мекъи хьвадана, Дуда данде питна гьабуна, Дур амрабаз-
де ва къанунazde нижеца мугъ рехана. ⁶ Дур аварагзаби
кӀалъана нижер пачабазда, хӀакимзабазда, умумузда ва
нижер улкаялъул тӀолабго халкъалда Дур амруялдалъун,
амма ниж гьезухъ гӀенеккичӀо.

⁷ Мун ХӀакъав ва вацӀцӀадав вуго, нижецайин абуни:
Ягьудиялъул тӀолабго халкъалъ, Иерусалималъул жама-
гӀаталъ, тӀолабго ГӀизраилалъ рогьо баччизе ккун буго.
Киналго пачалихъазда – рикӀкӀада рукӀа, гӀагарда рукӀа,
нижер мекълъаби сабаблъун Дуца щущазаруралщинал
бакӀазда – инжитлъиялда руго ниж. ⁸ Вай БЕТӀЕРГЬАН,
нижецаго гьарурал мунагьал сабаблъун инжитлъиялда
руго нижги, нижер пачазабигун чӀухӀби-хӀакимзаби-
ги, нижер умумузул цӀаралги. ⁹ Я БетӀергьан Аллагь,
нижеца мунагьал гьаруна, амма Дур рахӀму гӀатӀидаб
бугелъулха, Мун тӀаса лъугьине хӀадуравги вугелъул.
¹⁰ Нижер БЕТӀЕРГЬАН Аллагьасухъ гӀин тӀамичӀо ни-
жеца ва Дуца Дурго лагъзал аварагзабиги гьоркьор ккун
кьурал къануналги гӀадахъ росичӀо. ¹¹ Дуца абуралъухъ
гӀенеккизе бокьичӀого, тӀолабго ГӀизраилалъ Дур Къа-
нуналъул гӀорхъи бахун буго – гьелде мугъ рехун буго.

Гьединлъидал, Бичасул лагъ Мусал Къануналда хъварал
нагIанаби рещтIун руго нижеде – нижеца гIорхъи тун
мунагьал гьарун ругелъул Дуда данде.

12 Нижер рахъалъ ва нижер пачазабигун чIухIби-хIа-
кимзабазул рахъалъ цебеккунго бицун букIараб рагIи
тIубазабуна Дуца гьанже. Дуца нижеда тIаде гIасияб
балагь биччана. Дунялалъул цониги шагьаралъ хIехьезе
ккечIо Иерусалималъ хIехьараб гIадинаб гIазаб-гIакъуба.
13 Мусал Къануналда хъварабщиналда рекъон, нижеде
тIаде гьабгощинаб балагь рещтIана, амма кинго ниж
БЕТIЕРГЬАНАСУЛ рахIму-цIобалде руссинчIо, муна-
гьал рехун течIо, тавбу гьабичIо ва Дур хIакъабщиналда
тIадги ургъичIо. 14 БЕТIЕРГЬАНАС биччана гьаб тIо-
лабго балагь нижеда тIаде, нижер БЕТIЕРГЬАН Аллагь
вацIцIадав ва ритIухъав вугелъул, амма кинго нижеца
Гьесухъ гIинтIамичIо.

15 Я БетIергьан Аллагь! Дурго къуват-гучалдалъун,
халкъаздаго гьоркьоб Дурго цIарги машгьур гьабун, Мис-
риялдаса Дурго халкъ нахъе бачарав! Жакъа къоялъги
кIочон толаро гьеб! Нижин абуни, къосун ккана – му-
нагьал гьаруна. 16 Вай БетIергьан, гьарула Дуда, Дурго
рахIму-цIобалдалъун Дурго шагьар Иерусалималдаса –
Дурго Мукъадасаб мегIералдаса – ццин нахъ буссина-
бе! Щайгурелъул, нижер мунагьал ва нижер умумузул
такъсирал сабаблъун, Иерусалимги нижги – Дур хирияб
халкъ – сверухъ ругел тIолалго халкъазда рихун руго.

17 Гьанже, нижер хирияв Аллагь, Дур лагъасул гьа-
ри-дугIа къабул гьабе. Дурго цIаралъе гIоло, БетIергьан,
чIунтун бугеб Дурго Мукъадасаб Рукъалъухъ гурхIелгун
валагье. 18 ГIенекке, дир хирияв Аллагь, ва къабул гьабе
Дуца! Нижер шагьаралде бер щвезабе ва балагье гьеб

щущахъ биххизабун бугеб куцалъухъ – жинда Дур цIар
чIвараб шагьар! Нижеца гьарулеб буго Дуда, нижер ри-
тIухълъиялъе гIоло гуреб, амма Дур гурхIел-рахIмуялъул
гIатIилъиялъе гIоло. [19] БетIергьан, нижер гьари къабул
гьабе! БетIергьан, тIаса лъугьа! БетIергьан, гIенекке ва
нижее хIалае вахъа! Дурго цIаралъе гIоло, дир хирияв
Аллагь, тIокIалъ нахъе тIамун тоге. Дур цIар чIван бу-
гелъул Дур шагьаралдаги Дур халкъалдаги".

### *Лъабкъоялда анцIго анкьсон ва гьелъул магIна*

[20] Хирияв БЕТIЕРГЬАН Аллагьасде гьедин дугIа гьа-
булев ва диргоги дир халкъ ГIизраиллалъулги мунагьазда
тIаса лъугьаян ва Гьесул Хирияб мегIералде бер бала-
гьеян гьарулев вукIана дун. [21] Дун жеги дугIа гьабулев
вукIаго, дида цевеги вихьун вукIарав ЖабрагIил малаик
вачIана тохлъукьего, хьвагIун куркьбалгун, дида аскIо-
ве. Бакъаникъурбаналъул гIуж* букIана гьеб. [22] Гьес дие
малъа-хъвай гьабуна ва абуна: „Даниял, дун вачIана дуе
гIакълу-лъай ва бичIчIи кьезе.
[23] Дуца дугIа гьабизе байбихьараб сагIаталдаго, дур
гьари къабуллъана ва жаваб босун вачIана дун – мун
кутакалда Аллагьасе хирияв вугелъул. Гьединлъидал,
гIенекке дихъ, Бичасул амру дудаго бичIчIизе букIине:
[24] Лъабкъоялда анцIго анкьсон** цIан буго дур хал-
къалъе ва хирияб шагьаралъе. Гьеб заман бихьизабун
буго дур халкъалъул такъсиралъе ахир лъеялъе, муна-
гьал къотIизариялъе, гIайибалдаса рацIцIалъизариялъе,

* 9:21 *Бакъаникъурбаналъул гIуж* – гIага-шагарго лъабго тIубараб заман.

** 9:24 *Лъабкъоялда анцIго анкьсон* – 490.

абадияб ритIухълъи щулалъизабиялъе — аварагзабазе
Бичас загьир гьабурабщинаб тIубазабизе ва Бичасул
Бищунго Мукъадасаб БакI бацIцIад гьабизе букIине.
25 Дуда бичIчIа ва лъай: Иерусалим цIидасан байилан
амру къватIибе бачIаралдаса нахъе МасихI вачIиналде
щвезегIан анкьго анкьсон ине буго, хадуб гьелда тIадеги
лъабкъоялда кIиго анкьсон ине буго. Гьеб заманалда ша-
гьар цIидасан базе буго: къватIалгун, мажлисалъе халкъ
бакIаризе майданалгун, шагьар цIунизе хандакъалгун.
Амма гьеб захIматаб заман букIине буго. 26 Лъабкъоял-
да кIиго анкьсоналдасан МасихI чIвазе вуго; кинацаго
рехун тезе вуго Гьев. Хадув вахъине вугев пачаясул хал-
къалъ шагьарги Мукъадасаб БакIги щущахъ базабизе
буго*. Щвараб гIор гIадин бачIине буго гьелъул ахир,
рагъги хараблъиги ракIчIун букIине хъвараб жо буго.
27 Гьес анкьго соналъул щулияб къотIи гьабизе буго
гIемерал гIадамалгун ва гьеб анкьсоналъул бащалъуда
къурбаналги сайгъаталги къотIизаризе руго; Мукъада-
саб Рукъги хъублъизабун, гьенир цIакъ къабихIал ва
чорокал ишал гьаризе руго. Бичас хIарамзадае хъвараб
ахир ва гьесие къотIараб жаза гьесда тIаде рещтIинегIан
гьедин букIине буго“».

### *Тигр абураб гIурул рагIалда Даниялида бихьараб балъголъи*

**10** 1 Персиялъул пачалъун Кир вахъун лъабабилеб
соналъ Даниялихъе (Белтешацарин жинда абулев)

* 9:26 Нилъер эраялъул 70 соналъ, Иерусалим сверун ккун лъабго сон индал, румазул рагъул бетIер Титица кверде босана гьеб. Гьес шагьаралда цIа гъуна ва Мукъадасаб Рукъги тIубан щущазабуна.

Бичасул калима рещтIана. Гьеб калима хIакъаб, кIудияб
рагъда хурхараб букIана. ЦебечIеялдалъун гьесие загьир
гьабун хадуб бичIчIана Даниялида гьелъул магIна.
2 «Доб заманалда дун, Даниял, лъабго анкьгIанасеб
заманалъ кутакалда къварид вукIана. 3 Лъабго анкьа-
лъул болжалалда дица я тIагIамаб квен кваначIо, гьан,
ялъуни чагъир кIалдибе босичIо, махI гьуинал нахалги
рахинчIо.
4 ТIоцебесеб моцIрол къоло анкъабилеб къоялъ*,
Тигр абулеб кIудияб гIурул рагIалда вукIаго, 5 бетIер
тIаде борхун валагьидал, дида бихьана: хIебтил ретIелги
ретIарав, бацIцIадаб меседил гьабураб рачелги къарав,
цо щивалиго вуго эхетун. 6 Гьесул черх – зубаржадалъул
гIадаб кунчIараб, гьумер – пирхараб пири гIадаб, берал –
рекIараб цIа гIадал, квералги бохдулги – цIвакизабураб
мазгаралда релълъарал, гьаракь – гIемерал халхъазул
хъуй гIадаб букIана.
7 ГIицIго дида, Даниялида, гурони бихьичIо гьеб.
Дида аскIор рукIарал чагIазда щибго бихьичIо, амма
гьезде гIасияб хIинкъи рещтIана ва, жалго рахчизе бакIал
ралагьизе лъутана гьел. 8 Дунин абуни, гьеб дида цебе
чIараб хIикматаб жоялъухъ валагьун хутIана. Гьебмехалъ
дир чорхол рухI босун ана, гьурмал кьер тIуна, ва дун
тамахлъун ккана. 9 Хадуб дида гьесул гьаракь рагIана,
ва, гьесухъ гIенеккизе лъугьиндал, дун гIакълу-лъаял-
даса ун, кIотун гIодов ккана.
10 Амма цо квер хъван бачIана дида ва сородулев дун
накабаздеги кверsucceeding

* 10:4 *Цебесеб эраялъул 536 соналъул 23 апрель.*

11 Гьес абуна: „Даниял, кутакалда Аллагьасе хирияв,
гIенекке дир рагIабазухъ. ТIаде вахъа, гьабсагIат дун
духъе витIун вачIун вугелъул“.

Гьес гьедин абидал, дун тIуртIудилаго тIаде вахъана.

12 Цинги гьес абуна: „Даниял, мун хIинкъуге. ТIоце-
бесеб къоялъго, мутIигIго-хIалимго Бичасда цеве вахъун,
Гьесул гIакълу лъазабизе мун лъугьараб къоялъго, дур
гьари къабуллъана. Дур гьариялда рекъон вачIана дунги.

13 Амма Персиялъул бетIер къоло цо къоялъ дида
данде чIана. Цинги бищун тIадегIаназул цояв МикагIил
малаик вачIана дие хIалае, Персиялъул пачазабигун до-
ва дунго хутIидал. 14 Гьанже гьале дун вачIун вуго дур
халкъалъул букIинесеб дуда бицине, щайгурелъул, дуда
бихьараб жо букIинеселда хурхараб буго“.

15 Гьев гьедин кIалъалев вукIаго, гIодобе балагьараб
гьумер тIаде борхизе кIвечIо дида ва цо рагIицин абун
бажаричIо. 16 Цинги, инсанасул сипаталда дида цеве чIа-
рав гьев дир кIутIбузда хъвана, гьебмехалъ дун кIалги
рагьун кIалъазе лъугьана. Дида цеве чIарасда дица абу-
на: „Дир бетIергьан, дие загьирлъараб цо балъголъиялъ
дир кутакалда ракIбакъвазабун буго, гьелъ дир чорхолъ
къуватги хутIун гьечIо.

17 Кин дун, дур лагъ, дуда кIалъалев, дир бетIергьан?
ГьечIо рухI-хIал, хIухьелцин хIалица цIалеб буго“.

18 Инсанасда релълъарав цоги нухалъ дида хъвана ва
дир чорхолъе къуват бачIинабуна.

19 „Аллагьасе кутакалда хирияв, мун хIинкъуге, – ян
абуна гьес. – Салам дуе! КъвакIун вукIа! КъвакIун вукIа!“

Гьедин гьес абулелъул, диде къуват бачIана, ва дица
абуна: „Дир бетIергьан, кIалъай гьанже, дуца диде къу-
ват бачIинабун бугелъул“.



Дан. 10:4-6 Даниялида, Тигр гIурул рагIалда вукIаго, инсанасда релъарав щивалиго вихьана

[20] Цинги гьес абуна: „Дуда лъалищ щай дун духъе
вачIаравали? КватIичIого дун Персиялъул бетIергун
вагъизе тIадвуссине ккола. Дица гьесда тIад бергьенлъи
босарабго Грециялъул бетIер вачIине вуго.
[21] Амма цин дица дуда бицина ХIакъаб ТIехьалда
хъвараб. (Дие хIалае щивго вачIунев гьечIо, цохIо нуж
цIунизе чIарав МикагIил малаик гурони.

11 [1] Дир бицани, Мадаялдаса Дарий пачалъун вахъун
тIоцебесеб соналъ* МикагIил малаикасе хIалае
чIана дун.)

### *Шималалъул ва къилбаялъул пачазаби*

[2] Гьанже дица дуда бицина унго-унголъунги ккезе бугеб
жо: Персиялда жеги лъабго пача вахъине вуго. Гьезда хадув
вачIине вуго ункъабилев, гьел киназдасаго кутакалда бе-
чедав пача. Гьеб бечелъиялдалъун гьесул къуват цебе тIезе
буго ва тIолалго халкъал Грециялъул пачалихъалда данде
чIезаризе руго гьес. [3] Гьеб заманалда Грециялда вахъине
вуго кутакалда гучав ва тIасанккарав пахруяв пача**. Гьес
гIемерал халкъал жиндирго кверщаликье рачине руго.
[4] Амма гьесул къуват щулалъун бахъиналде гьесул пача-
лихъ гьородахъ щущан ине буго ва ункъиде бикьизе буго.
Пачалихъ гьесул наслабазе щвезе гьечIо, гьесул гIадаб
къуват-гучалдалъун гьеб цебе бачунев пачаги тIокIалъ
вукIине гьечIо, щайгурелъул, гьесухъа бахъун, чияхъе
кьезе буго гьеб.

* **11:1** *Бал.* 5:31.

** **11:3** Гьев ккола Александр Македонский (цебесеб эраялъул
336–323 сс.)

5 *Цинги къилбаялъул пача къуваталде вачӀине вуго,
амма гьесул рагъул церехъабазул цояв гьесдасаги бер-
гьараб къуваталъул вукӀине вуго ва жеги цӀикӀкӀарал
ракьал рахъизе руго гьес. 6 Чанго соналдасан шималалъул
ва къилбаялъул пачабаз жидедаго гьоркьоб ракълилаб
къотӀи-къай гьабизе буго. Гьеб къотӀи-къай щула гьабизе
къилбаялъул пачаяс шималалъул пачаясе жиндирго яс
кьезе йиго, амма гьелда пачалъиялъул ихтияр кверде
босун бажаризе гьечӀо, гьесулги наслу къотӀизе буго.
ХӀилла-рекӀкӀги гьабун, чукъа-рахьангун, гьелъул рахъ
ккуралщинал чагӀигун ва жиндирго лъимергун цадахъ,
гьей чӀвазе йиго.
7 Гьел къояз гьелъул кьолболъан цоги чи вахъине ву-
го гьелъул бакӀалда чӀезе. Шималалъул пачаясда данде
рагъ гьабизе буго гьес. Гьесул хъалаялда тӀаде кӀанцӀила
гьев ва гьеб кверде босила. 8 Гьес гьезул аллагьзабиги
кверде росизе руго, маххул гьарурал хьварс-аллагьза-
биги, гӀарац-меседалъул гьарурал хириял тӀагӀелалги
цадахъ Мисриялде росун ине руго. Хадуб чанго соналъ
гьес шималияб пачалихъалъул рахӀат хвезабизе гьечӀо.
9 Хадуб шималалъул пача къилбаялъул пачалихъалда
тӀаде кӀанцӀизе вуго, амма нахъе къазе ва жиндирго
улкаялде тӀадвуссине ккезе вуго. 10 Цинги гьесул васаз
кӀудияб аскар данде бакӀаризе буго ва цӀидасан рагъде
хӀадурлъи гьабизе буго. Щвараб гӀор гӀадин гьеб аскар
цебе ине буго, жибго тушманасул хъалаялде гӀунтӀизегӀан.

* 11:5-45 *Къилбаялъул пачазаби* – гьел ккола Мисриялъул пачазаби, ай, Лагидазул (Птолемеязул) къавм; *Шималалъул пачазаби* – гьелги Цебесеб Азиялъул пачазаби, ай, Селевкидазул къавм ккола.

[11] Гьебмехалъ къилбаялъул пачаясул ццин гьалаглъила.
КIудияб аскаргун вачIарав шималалъул пачаясда дан-
де рагъ гьабила ва гьесда тIад бергьенлъи босила гьес.
[12] Гьеб аскар нахъе тIуризабидал, къилбаялъул пачаясул
гIамал кIодолъила. ГIемераб халкъ гъурила гьес, амма
гьесул бергьенлъи гIемер халат бахъинаро. [13] Шимала-
лъул пачаяс цебе букIаралдасаги къуватаб цоги аскар
данде бакIарила ва чанго соналдасан яргъид гIуцIараб
рикIкIун хIал кIолареб аскаргун рагъде вахъина.

[14] Гьеб заманалда гIемерисел къилбаялъул рахъалъул
пачаясда данде рахъине руго. Дур халкъалъул цо-цо пит-
начагIиги рахъине руго гьесда данде, амма гьел къезе
руго – гьеб ккезе буго дуда бихьараб балъголъи битIараб
букIин тасдикълъизе. [15] Шималалъул пача вачIина ва
сверун къараб шагьаралъул къадакье ганчIилгун хIатIул
нухги лъун*, гьеб шагьар кверде босила гьес. Гьесда данде
чIезе къуват хутIиларо къилбаялъул рахъалъул; бищунго
лебалал рагъухъабаздацин бажаризе гьечIо данде чIезе.
[16] Шималалъул пачаясин абуни, бокьа-бокьараб гьабизе
буго, гьесда данде вахъине кIолев чиги цониги вукIине
гьечIо. Гьайбатаб Ракьалда щулалъила гьев, ва тIолаб-
го гьеб улка гьесул ихтияралда букIина**. [17] ТIолабго
жиндирго къуватги данде бакIарун, кIудияв кверщел-
чилъун вахъине къасд гьабила гьес. Гьелъие гIоло гьес

* 11:15 Доб заманалда шагьар гохIккараб бакIалда балаан. Шагьар сверун ккураз гьеб сверун къан бараб къадакье ганчIилгун хIатIалъул гьабураб нух балаан, гьакибурдузда тIад лъураб кIудияб хIосги тунк-тункизабун, гьеб къед борлъизелъун.

** 11:16 Цебесеб эраялъул 199 соналъ Антиох Лъабабилев тIубанго щулалъана ГIизраилалъул ракьалда.

къилбаялъул рахъалъул пачагун ракълилаб къотIи-къай
гъабила ва, гьев чIвазе къасдгун, гьесие жиндирго яс
кьела. Амма гьеб гIакса ккезе буго, гьесул мурад тIубазе
гьечIо*. 18 Гьебмехалъ гьес ралъдал рагIаллъабазда ругел
ракьазде бер рехила ва гьенир ругел гIемерисел шагьа-
рал кверде росила, амма цо кинавалиго рагъул бетIерас
гьесул чIухIиялъул мугъ бекила ва гьесул хIалихьалъи
жиндаго данде буссинабила. 19 Цинги гьев нахъе къала,
жиндирго улкаялъул хъулбузухъе валагьун лъутила, ам-
ма нухда щапила ва араб бакI лъачIого цевеса тIагIина.
20 Гьесул ирсилас магъало бакIаризе чагIи ритIила,
жиндирго пачалихъ бечелъизабизе. Цодагьабго зама-
налдасан гьевги чIвазе вуго, амма рагъулъ багьадур
гIадин гурев.

### *Аллагьасул халкъалъул тушман*

21 Гьесул бакIалде вачIине вуго кутакалда къадарав
сурарав чи. Пачабазул гIадаб къадруги гьесулъ букIине
гьечIо. Гьев вачIине вуго халкъ тохлъарабго, ва хIил-
ла-макрабаздалъун пачалъиялъул тахиде вахине вуго.
22 Гьев чияс кIудияб ва гучаб аскар щущахъ биххизабизе
буго ва Бичасул кIудияв кашишги чIвазе вуго. 23 ГIеме-
рисез гьесулгун ракълилаб къотIи-къай гьабизе буго,
амма гьесул рагьа-рачари хъачагъасул гIадаб букIина.
ХIакъикъаталда гьесул рахъ ккурал чагIи дагьал гурони
рукIине гьечIо, амма кIудияб кверщеллъи щвезе буго
гьесие. 24 Тохлъукьего вачIун тIаде кIанцIизе вуго гьев

* 11:17 Антиох Лъабабилес жиндирго яс Клеопатра ТIоцеесей кьо-
ла ПтолемейУнкъабилев Эпифание цебесеб эраялъул 194 с., амма
Клеопатраца циндаго жиндирго росасул рахъ ккола.

бече-бечедал рихьун пачалихъазул ракьазде ва, я гьесул
умумузда, я гьезулги умумузда гьабизе бажаричIеб гьа-
бизе буго гьес. Гьениса бикъа-хъамураб боцIи-рикъзи
гьес жиндирго рахъ ккуразда гьоркьоб бикьизе буго.
Сверун къарал шагьарал щущахъ разаризе ургъизе вуго
гьев, амма гьедин букIине буго дагьаб заманаялъ.
25 КIудияб аскаргун жиндирго къуват-гучги данде ба-
кIарун, таваккалго къилбаялъул пачаясда данде рагъде
вахъине вуго гьев. Гьединго кIудияб ва кутакалда къу-
ватаб аскаргун гьесда данде рагъде вахъина къилбаялъул
пачаги, амма гьесда данде ургъарал хIилла-макраби са-
баблъун къезавила къилбаялъул пача. 26 Гьесулгун квен
гIахьал гьабулел божарал чагIи ургъила гьев чIвазе;
гьесул аскарги щущазабила ва рагъулъ гьесул гIемерал
рагъухъабиги чIвала. 27 Гьев кIиявго пачаясул цо мурад
букIина: цоцазе кIвараб зарал гьаби. Цо столалда нахъа
гIодор чIела гьел, амма цоцазе гьерсал цIалкIила. Амма
гьезул цонигиясе гьелъул хайир лъугьинаро, щайгуре-
лъул, Аллагьас гьезие гIажал хъван бугелъул, гьелъие
заманги цIан бугелъул. 28 Шималалъул пача кIудияб бо-
цIи-рикъзигун, гьениса жиндирго улкаялде тIадвуссун
нахъе ина. Амма Бичасул КъотIиялъул халкъги гьезул
динги гьесие рихараб букIина. Гьединлъидал, нухда
унелъул, гьев гьезие квешлъиялъе ургъила ва ургъарабги
тIубазабун, жиндирго улкаялде тIадвуссина*.
29 ЦIараб заманалда гьев цIидасан къилбаялъул ра-
кьазде тIаде кIанцIила, амма гьаб нухалъ цебе гIадин

* 11:28 Цебесеб эраялъул 169 соналъ Антиох Ункъабилес гIемерал жугьутIал чIвана ва Иерусалималъул Мукъадасаб Рукъги хъамал гьабуна.

битIккей букIине гьечIо гьесие. 30 Киттималъул гумуз
нух къазе буго гьесие, гьезукьа хIинкъун гьевги нахъе
къазе вуго. Жиндирго гьалагаб ццин гьес Мукъадасаб
КъотIиялде данде буссинабила, ва гьеб КъотIиялъе хи-
липлъаразе хIалае чIела гьев.

31 Гьес ритIун рачIарал рагъухъабазул къокъаялъ Иеру-
салималъул Мукъадасаб Рукъ хъублъизабила; къойилал
къурбанал гьукъила ва къабихIал чорокал ишал гьарила
гьенир*. 32 Бадибе реццги гьабун, гьес КъотIиялъе хилип-
лъаралщинал жиндирго рахъалде цIала, амма ХIакъав
Аллагьасда божарал къуркьичIого гьесда данде чIела.

33 ГIакъилаз гIемерал чагIи кантIизаризе руго, амма
гьез жидецагоги гIазаб-гIакъуба баччизе ккезе буго: гье-
зул цоял чIвазе руго, цоял чIаго рухIизе руго, лъабабилел
асирлъуде ккезе руго, цогидазул мина-къайги боцIи-рикъ-
зиги хъамал гьабизе буго**. 34 БукIаниги, гьезие кумекги
щвела, цинги гIемерисез гьезул рахъалде рачIараб ххвел
гьабила. 35 ГIакъилазул цо-цоязги зиян-захIмат баччизе
ккезе буго, гьелъул хIасилалда, цIадулъ месед гIадин,
мунагьаздаса рацIцIалъизе рукIине. Цинги Бичас цIараб
заманалда киналъего ахир букIине буго***.

---

* 11:31 Цебесеб эраялъул 167 соналъ Антиох Эпифаница Иерусалималъул Мукъадасаб Рукъ хъублъизабуна – гьениб Зевсил статуя эхетана ва болъон къурбаналъе хъуна. Гьединго балагье Дан 9:27; 12:11.

** 11:33 *ГIакъилал* – гьел ккола БЕТIЕРГЬАНАСУЛ Къанун лъалел ва гьелъие мутIигIал чагIи. Гьезул цоявлъун живго Даниялги ккола.

*** 11:35 Гьаб бакIалдаса нахъехун Аллагьас Даниялида бихьизабулеб буго хадубккун букIине бугеб.

36 Шималалъул пачаяс жиндиего бокьа-бокьараб
гьабизе буго. Гьес аллагьзабаздасаги тIадегIанавлъун
живго рикIкIине вуго ва ГIизраилалъул Аллагьасда
данде тIасанворчIун гаргадизе вуго. Бичасул ццидал
лълъар тIасан чвахараб къо бачIинегIан, гьабулебщи-
налъулъ гьесие икъбал букIине буго (ккезе хъварабщи-
наб тIубазе кколелъул). 37 Цониги аллагь гьес малъихъ
гьавиларо, я гьесул умумузул аллагьзаби, я руччабазе
Хирияв*, я цоги батIияв бокьарав аллагь, щайгурелъул,
кина-щиналдасаго тIокIавлъун ва тIадегIанавлъун жив-
го рикIкIине вугелъул гьес. 38 Шималалъул пачаяс, гьел
аллагьзабазул бакIалда, хъулбузул ва къуват-гучалъул
аллагьасе бетIер къулизе буго – гьесул умумузда лъалев
вукIинчIев аллагьасе. Гьес гIарац-меседалдалъун, хири-
яб жавгьар-якъуталдалъун ва бечедал сайгъатаздалъун
кIодо гьавизе вуго жиндирго аллагь. 39 Гьев аллагьасе
гIибадатги гьабун, чанги щулияб хъала кверде босила
гьес; жиндирго кверщелчилъи къабул гьабурал кута-
калда кIодо гьарила, чIухIби-хIакимзабилъун тела ва
гьезие ракьал кьела.

40 Ахиралдаги къилбаялъул пача гьесда данде рагъде
вахъина. Амма шималалъул пача, бахъараб кутакаб гьури
гIадин, гьесда тIадречIчIила, чолгьакалгун чотIахъабигун
ва гIемерал гумулгун. Щвараб гIор гIадин батIи-батIиял
улкабазде кIанцIила гьев. 41 Гьайбатаб Улкаялдеги щвела
гьев ва гIемераб халкъ чIвала. ГIицIго Эдом, МогIав ва
аммониязул кIудияб бутIа борчIила гьесул кверзукьа.
42 ГIемерал ракьал кверде росизе руго гьес, Мисриги

* 11:37 *Руччабазе Хирияв* – гьев ватизе бегьула Таммуз (Адонис) аллагь. Цоги-цоги магIнабиги руго гьелъул.

борчIизе гьечIо гьеб къисматалдаса. 43 ТIолабго хази-
наги хъамал гьабила гьес: меседгун гIарац ва тIолабго
Мисриялъул бечелъи. Гьединго ливиялги кушиталги*
гьесул хIатIикье ккезе руго. 44 Амма бакътIерхьул ва ши-
малалъул рахъалдасан бачIараб харбица гьесул рахIат
хвезабила ва гьалагаб ццидалъ, жеги гIемерал халкъал
гъуризе къасдгун, гьев гьениве вортила. 45 Гьес жин-
дирго чадрал чIвазе руго Мукъадасаб МегIералда** ва
ралъадалда гьоркьоб бакIалда. Амма ахирги гьев хвезе
вуго – гьесие лъицаго кумекги гьабизе гьечIо.

### *Ахир заман*

**12** 1 Гьеб заманалда дур халкъалъе эхетарав гучав
МикагIил малаик вахъине вуго. Гьеб букIине буго
кутакалда захIматаб заман – гьаб дунялалда инсан ви-
жаралдаса нахъе букIинчIо гьедигIан захIматаб заман.
Амма дур халкъ хвасарлъизе буго: жиндир цIар ЧIагоя-
зул ТIехьалда хъван батаравщинав чи гьел балагьазукьа
ворчIизе вуго. 2 Ракьулъ рукъаразулги гIемераб халкъ
тIаде бахъине буго – цоязе абадияб гIумру насиблъила,
цогидал абадул абадиялъго тIаса унареб рогьо-нича-
лъукье ккела. 3 ГIакъилал гIадамал*** роцIараб зоб гIадин
къалъ-къалъила. БитIараб нухде цогидал рачаралги,
зобалазул цIваби гIадин гвангъила абадул абадиялъего.
4 Амма, Даниял, дуца гьал рагIаби балъго гьарун те. Ду-
ца, ахирзаман тIаде щвезегIан, мугьруги чIван рахчун те

* 11:43 *Куш* абураб некIсияб пачалъиялда гьоркьоре кколаан Мис-
риялъул, Суданалъул ва Эфиопиялъул ракьазул цо-цо бутIаби.

** 11:45 *Хирияб МегIер* – Иерусалим жинда тIад бараб мегIер.

*** 12:3 *ГIакъилал гIадамал* – ялъуни *гIакълу-иман малъулел гIадамал*.

гьел. ГIадамал рукIине руго доре-гьанире рорта-чIван,
бичIчIи-лъаялда хадур лъугьун, тIадеялдаса тIаде квеш-
лъиги цIикIкIине буго“.

5 Цинги дун, Даниял, сверухъ вала-гъалагьана, ва
дида жеги кIигояв вихьана. Цояв гIурул гьаб рахъалда,
цогидав гIурул доб рахъалда чIун вукIана. 6 БацIцIадаб
хIебтил ретIел ретIарав чи гIурул лъеда тIад чIун вукIана.
КIигоязул цояс гьесда цIехана: „КигIан заман базе бугеб
гьел хIикматал лъугьа-бахъинал тIуразегIан?“
7 БацIцIадаб хIебтил ретIел ретIарав ва гIурул лъеда
тIад чIарав чияс кIиябго квер зодобе борхана, ва дида
рагIана, Абадияв-ХIакъасул цIарги бахъун, гьев гье-
дулев: „Цо лъагIел, кIиго лъагIел ва бащдаб лъагIел*.
Иман лъуразе гIакъуба кьолезул гуч бекидал**, ахирги
гьаб кинабго тIубазе буго“.
8 Дида гьеб кинабго рагIана, амма гьелъул магIна би-
чIчIичIо. Гьебмехалъ дица цIехана: „Дир бетIергьан, гьеб
киналъулго ахир кинаб букIине бугеб?“ – ин.
9 Гьес жаваб кьуна: „Даниял, гьанже мун а! Гьал ра-
гIабазул магIна бахчун буго ва ахир заман щвезегIан
балъго цIунизе буго.
10 ГIемерал чагIи мунагьаздаса рацIцIалъила. Гьез къо
хIехьела. Амма квешал чагIаз жеги квешлъаби гьарила.
Гьезда щибго бичIчIиларо, гIакълу бугездаян абуни ки-
набго бичIчIила.

---

* 12:7 *Цо лъагIел, кIиго лъагIел ва бащдаб лъагIел* – лъабгогин бащ-
даб сон.

** 12:7 Ялъуни *иман лъуразул къуват лъугIидал.*

11 Къойилал къурбанал къотIизарураб заманалдаса ва
гьенир цIакъго къабихIал ва чорокал ишал гьаруралдаса
нахъе азаралда кIинусиялда ункъоялда анцIго къо ине
буго. 12 Гьардарал гурищ сабру гьабун чIарал ва азаралда
лъабнусиялда лъебералда щуго къо лъугIизегIан чIаго
хутIарал чагIи!

13 Мунин абуни, Даниял, дурго нухда а, гIумруялъул
къоял ахиралде щвезегIан. Цинги мун доб дунялалда
парахалъила, амма, дунялалъул ахиралда, дуе кколеб
шапакъаталъул бутIа босизе мун хваразулъа тIаде ва-
хъине вуго“».

# Даниял аварагасул тIехь

Книга пророка Даниила на аварском языке
The Book of Daniel in the Avar language (ISO: ava)

Институт перевода Библии
101000, г. Москва, Главпочтамт, а/я 360
www.ibt.org.ru

Подписано в печать 03.04.2023
Формат 84×108 1/16. Печать офсетная. Усл. печ. л. 6,72
Тираж 700 экз. Заказ №

Отпечатано в АО «Первая Образцовая типография»
Филиал «Чеховский Печатный Двор»
142300, Московская область, г. Чехов, ул. Полиграфистов, д. 1
Сайт: www.chpd.ru, E-mail: sales@chpd.ru, тел. 8(499)270-73-59